


MUNEMBO WECHIKARA

 Maita henyu. Zvino akati, “Ngandizvivanze maMuri.” Zvinoka, ndinofunga kuti zvakanakisa kwazvo. Ndinozvifarira izvozvo chaizvo, chaizvoizvo. Ndinokutendai zvikuru.

Uye “Masikati akanakisa,” kwamuri mose, “manheru,” uye maropafadzo aMwari ngaave nemi mose.

Zvino, uno, zvakare, manheru ano, mukana wedu wekuvhura mapeji eShoko, pano, kuti tigonzvera. Ndi—ndinoda kuimba; ndinongokuda. Uye ndinogarotaura kuvanhu kuti, “Kana masvika Kudenga, kana musiri kundiona paChigaro chehushe pane imwe nzvimbo, endai uko kwavanenge vachiimba.” Uye ndi—ndinoda kuvako ikoko. Uye ndinoda kuimba kwakanaka. Asi, munguva ye—yemusangano weEvhangeri, apo sarudzo dzinofanirwa kuitwa, ndinofunga, “Rwiyo rumwe kana 2 bedzi, tokurumidza kuenda kuShoko. Topa nguva kuShoko.” Maona? Nekuti ndicho chacho chikuru—chacho chinhu chikuru: kunanga kuShoko.

Panga paine mumwe munhu ari muno, vanhu vanobva kunze kweguta, vari kugara mukaravhani, seri kwenzvimbo iyi, vandanga ndichifanira kunge ndasangana navo kare masikati, masevhisi asati atanga. Kana vari pano: ndine hurombo kuti handina kuzozadzikisa hurongwa ihwohwo hwekuti tionane; uye ndichakuonai mushure mekunge sevhisi ichangopera; uye mundiregererewo nekutaura kuti, “Ndichange ndiri pano,” apo ini, zvimwe zvinhu zvazonyuka, zvekuti, handina kukwanisa kuva pano panguva iyoyo.

Zvino, mangwana manheru . . . Tinogara tichiratidza chinhu chimwe chete, Ishe Jesu Kristu, ndizvo zvoga, uye chero zviri kuda kwaKe Kutsvene ndezvedu isu kuti tiite. Asi kana kuri kuda kwaKe Kutsvene mangwana manheru, pa*Chisimbiso ChaMwari*, tichataura, kana Ishe vachitendera.

² Uye manheru ano, tinopa, kana iVo . . . uri mukana waVo wekuti tizviite, kana kuti mukana wedu isu wekuti tiVaitire, waro, manheru ano, tinoda kutaura pamusoro pechimwe chezvidzidzo zvakanyanya kukosha zvenguva ino: *Munembo WeChikara*.

³ Uye manheru apfuura takanga tiri mumazera ekereke, *Mazera Manomwe EChечи*. Uye kutanga neZera reChечи yeEfeso, yeEfeso; ndokuzoguma paZera reChечи yeRaodhikia, zera rechechi yekupedzisira. Uye dai Ishe vawedzera maropafadzo aVo zvino kuShoko patiri kutaura.

⁴ Zvino tingakotamisa here misoro yedu panguva yemunamato, tisati tavhura Shoko raMwari iri.

⁵ Baba veKudenga vane mutsa, tinotenda nemukana watinawo manheru ano, wekuva vapenyu, uye nokuva pano panyika, manheru ano, uye tiine hutano nesimba, uye tichigona kugara muchivakwa, umo Shoko raMwari riri kuverengwa.

⁶ Uye tinonamata, O Mudzikinuri akaropafadzwa, muri Mudzikinuri weHama wedu uYo akatisuka muRopa raKe, akagotichenesa kubva kuchivi, uye zvino ari kutikumikidza kuna Baba, tisina kana mhosva, muna Kristu Jesu; dai Mauyawo, manheru ano, mugотора Shoko muRizarure kumwoyo yedu. Dai Mweya Mutsvene wabata Shoko paRiri kudzidziswa, uye dai Rikaenda rakananga pachinangwa charo, kumoyo wese, moyo wangu uye nemoyo weungano. Sekuda kwatiri kuRiita, Baba, dai Rikapihwa. Uye dai pakasava nemunhu anowana kukanganiswa neShoko. Uye, Baba, kana chero nguva ipi zvayo yandingataura chimwe chinhu chinopesana nekutungamirira kweNyu, dai Mweya Mutsvene ukamisa muromo wangu. Ndinongoshuva chete kuziva zviri Chokwadi, uyezve ndofamba machiri.

⁷ Tiropafadzei pamwe chete zvino, tiregerereiwo pazvivi zvedu, zvataungana muimba ino yekunamata. Uye dai zvivi zvedu zvava pasi peRopa, uye nemweya yedu yaiswa mumaonero akarurama ekunamata panguva ino. Nekuti tinozvikumbara muZita raJesu. Amen.

⁸ Zvino, ndanga ndichingofunga, kapepa kadiki aka apa, ndanga ndanyora Magwaro akati kuti ari...ekuzotaura nezvawo, ekuverenga, pakutanga kwacho. Uye zvino pandauya kumusoro kuno, zvinoita sekuti handisi kunzwa kuda kuverenga chero rimwe rawo. Ndizvo zvazvinowanzoita; magwaro madiki 4 kana 5 ekutangira paari.

⁹ Asi ndinoda kuverenga kana kutaura izvi kutanga, kuti, mukutaura, handimbofa ndakaita zvekufunga. Munoziva, zvichida, sezvakangoita...Handina kumboronga zvekuti ndigotaura sezvamunoita imi, munoona, kana chinhu chimwe zvacho. Ndinongomirira iYe. Uye sekungoona kwandinozviita, ndinongonhanhavira ndozvitora, ndozvipa kuvanhu. Uyezve dzimwe nguva zvingaita sezvakakwasharara zvishoma, imwe nguva, asi inongova nzira yacho yandinovigamuchira nayo. Saka ndiyo—ndiyo nzira chete yandinogona kuzvipa nayo.

¹⁰ Zvino, mune izvi, ngazvi...ndotizve manheru ano. Izvi hazvina kunangiswa kuna ani zvake kana chinamoto chaani zvake, munoona, kwete zvachose. Hatitendi mune izvozvo. Tinotenda kuti tiri vagari vemuAmerica chaivo vechokwadi, zvekuti munhu wese anogona kuwana mukana wekunamata Mwari maererano nokurayira kwehana yake iye. Uye tinoda kuti zvigare zvakadaro nguva dzose. Asi, muchechi imwe neimwe, tine dzidziso.

¹¹ Nguva zhinji, mumasangano, masangano emachechi, vane chitendwa. Zvino vanogara pachitendwa ichocho, “Ichi ndicho chitendwa chedu.” Hazvinei nekuti mushumiri anofungei, anogofanira kuparidza chitendwa ichocho, nokuti ari musangano rechechi.

¹² Uye imo muno, hatina chimwe chitendwa kunze kwaKristu, ndicho chitendwa chacho; uye hatina murawo kunze kwerudo; hatina bhuku kunze kweBhaibheri. Uye Kristu ndiye Musoro; uye Bhaibheri ndiro bhuku redu rezvidzidzo; pasi rose ndiyo ungangano yangu. Saka ndinofarira—ndinofarira kungoparidza nenzira yandinonza kutungamirirwa nayo kuti ndiparidze, uye nenzira yacho yandinoviona nayo.

¹³ Uye zvakare munguva ino, mukutaura kunyanya pamusoro pechikamu ichi chakakwasharara chaizvo, chakaoma, chinocheka cheEvhangeri, asi, munoziva, ino ndiyo imba yokutongwa. “Kutongwa kunotangira uko” (kupi?) “imba yaMwari.” Ndizvozvo. Pano ndipo panotangira kutongwa. Uye kune. . . Kana ukaenda kuno kudare, uye uri kuzotongwa, vane bhuku remutemo ikoko, vanofanira kuverenga mutemo uyu, kuti vaone kuti uri kutongerwa chii. Uye ndizvo zvazviri muimba yaMwari, tinofanira kuzvitora kubva muShoko raMwari.

¹⁴ Uye zvino, nguva zhinji, muzvinhu izvi, saka ivai nechokwadi chokuti mabata izvi zvino, kuti, ndinogona kunge ndiri kukanganisa. Dudziro yangu inogona kunge isiriyo. Asi ndinoedza kunyatsoRiverenga chaizvo, uye ndongotaura sezvaRinotaura. Kungonyatsogara neGwaro, zvaRinoti nditaure.

¹⁵ Uye zvino zvakangoipa zvakanyanya, kana kuti. . . Pamwe hakusi kuda kwaShe, uye pamwe ndiko, handizive, kuti, ndinogoda kutora vhiki nevhiki ndiri muBhuku iri, kungogara ipo pano ndichizviona zvichibata shure uko muna Dhanieri, naDhanieri naZvakazarurwa, uye ndobatanidza imomo vaporofita.

¹⁶ Zvino Shoko raMwari rose rakasunganidzwa chaizvo pamwe chete. Mabhuku 66, akanyorwa nevanhu vakawanda, mazana makore akaparadzana, uye hapana kana 1 rinopesana nerimwe, kana 1 zvaro. Rimwe nerimwe rawo rakakwana. Hapana kana chimwe chezvinyorwa chakambonyorwa saRo, pasi rose.

¹⁷ Vave, nemakore 2,000, vachiedza kushandura Munamoto waShe. Kuisa shoko rimwe kwaUri, kana kubvisa Rimwe kubva kwaUri, kuUnaturudza. Hautongokwanisa kuzviita. Oo, Rakanyatsokwana. IShoko raMwari.

¹⁸ Uye ndinotenda bha—Bhaibheri iShoko raMwari rakafemerwa. Rose Shoko raRo rakafemerwa. Handitende zvekuti izvi hazvina kufemerwa, uye izvi zvakafemerwa, uye izvo zvakafemerwa. Ndinotenda kuti Rose zvaro rakafemerwa. Inyaya yekuti rose rakanaka kana kuti rese rakaiya; uye kana Rakavhiringidzika, sakazve hatizive zvekuita. Asi iRo, rose

zvaro, iChokwadi. Ndakazvipira kupira hupenyu hwangu chero nguva nekuda kwezviri ZVANZI NAJEHOVHA pano.

¹⁹ Zvino, zvino vari kungova nehusiku hushoma uhwu. Uye, sezvineiwo, tichava nesevhisi yeMugovera manheru, ichienderera mberi zvimwe chete, yekuva ne . . .

²⁰ Vamwe vevanhu vemuchechi vakati vaizo. . . iine tsvina, kuuya kuchechi Svondo mangwanani, zvokuti vamwe vavo vakati vaizosara Mugovera manheru, mushure mesevhisi, vobatsira kutsvaira muचेचि कूतिरा कुति वानु वासाउया Svondo mangwanani, kana kuti. . . kana kuti vasazoshanda nemusi weSvondo, kuti—kuti vanatse muचेचि. Hati. . . Tinoda. . . Handisi Musabata, asi zvakadaro ndinoda kuremekedza ku—kunamata nepose pandinogona napo.

²¹ Uye zvino, ipapo, ndinofunga ndichazivisa mangwana manheru, pamwe, kana Ishe vachitendera, zvatichataura pamusoro pazvo manheru eMugovera.

²² Zvino, manheru ano: *Munembo WeChikara*. Uye mangwana manheru: *Chisimbiso ChaMwari*. Ndizvo 2 zvakanyanyisa zve. . . Ndinodaira kudaro, zvidzidzo zvakanyanyisa kukosha zvinofanira kutaurwa nezvazvo muzuva rino, nokuti ndinotenda zvechokwadi kuti tiri kurarama munguva yekuferefeta uku kunounza kutonga kwaMwari. Ndinotenda kuti tiri muzuva rako chairo. Uye hatidi kuva vanopfuurira mwero. Hatidi kuva vanopengereka. Tinongoda kusvika pazviri takadzikama sokutaurwa kwazvinozoitwa neBhaibheri pano; uye Zvakakwana, ndizvo chaizvo.

²³ Uye zvino mukuita izvi, tinonzwa vanhu vazhinji kwazvo, nhasi, vachitaura pamusoro pemunembo wechikara. Makazvinzwa kwenguva yakareba, “Unombova chii? Ndiani anouita? Kupi? Ndiani achazova nawo? Uye kana vakava nawo, chii—chii chauchaita kwavari? Chii? Chii? Unogona kukukuvadza here? Pane—pane chinokuvadza pauri here?”

²⁴ Zvakanaka, zvino, ndizvo zvati—tinoda kuwana kubva muShoko raMwari, chinhu chokutanga, “Kana paine munembo wechikara unotaurwa nezvawo muBhaibheri?” Uye chinhu chinotevera, “Uchange uri wemuzera ripi? Uye ndevapi vanhu vachava nawo? Uye waizoita sei? Ungave nawo usingazvize here?” Nezvimwe zvakadaro, izvo, ingori mibvunzo iyoyo yakadaro. Saka, nekuziva kwangu kwose, kuti—kuti ichi ndicho chingava chimwe chezvidzidzo 2 zvakanyanyisa kukosha zvandanga ndichigona kufunga nezvazvo muBhaibheri, *Munembo WeChikara*, ne*Chisimbiso ChaMwari*.

²⁵ Zvino, kutanga, ndine Gwaro pano kuratidza kana. . . kana rakangonyorwa, kuti ndikwanise kuvhura kwaRiri, uye ndiye Mutsvene. . . Kutangisa, ngatingoonai kuti munembo wechikara chii, uye, “Zvine njodzi here kuva nemunembo uyu? Ndizvo here?” Zvino muna Zvakazarurwa, chitsauko 14 ndima 9,

imharidzo yemutumwa wechitatu. Zvino, chero mudzidzi upi zvake weBhaibheri. . .

²⁶ Ndiri kuona Hama Stanley pano, nevamwe vashumiri 2 kana 3 vagere pano. Uye manheru apfuura paiva nedzimwe hama pano kubva kuseminari yeBaptisti muLouisville, uye zvichida pane vamwe manheru ano. Handizive. Uye panogona kunge paine Methodist, Baptist, Katorike, uye vanogona kunge vari maJudha echiOrthodox. Handizive. Asi handizvo. . .

²⁷ Izvi hazvisi zvekurwadzisa manzwiwo echeru munhu zvake; kwete zvachose. Uye ndezvekungo. . . Semanyorerwo akangoitwa Bhaibheri, kuRiverenga, uye tokurega uchiRitarisa, iwe pachako. Zvino ngatisvikei kwaRiri tiine kudzikama kwepfungwa sekwatinoziva, mukutya Mwari, tichiziva kuti Vachatitonga nekuda kwemashoko edu. Mashoko edu achatipomera paZuva reKutongwa.

²⁸ Uye kana ndikanzwa kuti ndinoziva chimwe chinhu, uye ndorega kuchitaura, zvino Mwari vachandiita kuti ndizvibhadharire paZuva reKutongwa; nemweya yevanhu nemaoko avo, vachiti, “Hama Branham, dai makangotiudza chete, tingadai tisiri muchinhano ichi nhasi uno.”

²⁹ Ndinoda kumira saPauro wekare, “Ndakasununguka kubva kuropa remunhu wose. Nekuti handina kumborega kuratidza kwamuri zano rose raMwari.” Ndizvozvo, sekungoona kwandinoZviita; uye kana ndiri kukanganisa, zvino Mwari ngavandiregere. Zvinhu izvi hazvimbouyi. . . Handina kumboenda kuseminari chero ipi zvayo, handina kumboenda kana kuchikoro, handina kumbotora kana shoko remunwe munhu pamusoro paZvo. Ndakananga chaimo muBhaibheri, mumunamato. Uye izvi zvinozarurwa naMwari kubudikidza neMweya Mutsvene, Mutumwa waMwari mumwe chete anonditungamirira kuti ndione zviratidzo nezvimwe zvakadaro, nokupodzwa kwevanorwara. Uye unogona kuyera naizvozvo kuti Chingava chokwadi here kana kuti kwete.

³⁰ Zvino, iyi imharidzo yemutumwa wechitatu, kune pasi rose. Uye munozivei, mharidzo yemutumwa wechitatu, iri kuenderera mberi muzuva rino chairo. Uku ndiko kubhururuka kwemharidzo yemutumwa wechitatu, kana uri muverengi weBhaibheri.

³¹ Paiva nenhamo 3 dzakaitevera. Yokutanga yakaitika muHondo Yepasi Rose Yekutanga. Yechipiri yakaitika muHondo Yepasi Rose Yechipiri. Munoono zvatiri kupinda mazviri zvino. Zvakanaka. Tave kumagumo enzira.

³² Zvino ngatiisei izvi mupfungwa dzedu, tisati taverenga Magwaro. Patiri chaipo, tinosungirwa kuva tiri pazera rekupedzisira. Kusvika rinhi? Handizive; hapana anoziva.

³³ Asi, tarisai, ngatitorei tichitaura munhoroondo. Makore 2,000 ekutanga, hurongwa hwenyika hwakasvika panhongonya,

Mwari ndokuparadza nyika nemvura. Munozviziva here? Zvino ikazouya senyika itsva. Uye makore 2,000 echipiri, yakasvika pamagumo ayo zvakare, Mwari ndokutumira Jesu. Ndizvo here? Uku kwava kupera kwemakore 2,000 akazotevera acho, 1954. “Uye Evhangeri,” Jesu akati, “basa racho richazopfupikiswa,” (Nokuda kwei?) “nokuda kwevasanangurwa, kana kuti hapana nyama yaizoponeswa,” richave rakaipa kwazvo. Saka tave panguva yekupedzisira. Uye rechinomwe, mumufananidzo, iMireniyamu, makore 1,000.

³⁴ SaMwari vakashanda makore 6,000, tinoziva kuti makore 1,000... “Zuva rimwe Kudenga makore 1,000 panyika,” Petro Wechipiri. Maona? Zvino, uye Mwari vakavaka nyika mumakore 6,000. Uye Chechi yashingaira ichirwisana nechivi zvino kwemakore 6,000. Uye pachuru chechinomwe, Mwari vakazorora, uye vakazorora pane chechinomwe; uye zvino mufananidzo weMireniyamu, Chechi ichagara pano panyika, ipo pano muchimiro chemutumbi, kwemakore 1,000, pasina hurwere, kusuwa, matambudziko, kana rufu. Zera guru iroro, rinobwinya riri kuuya zvino! Oo, nokuda kwaizvozvo! Oo, ndinofarira rwiyo rwuya:

Nyika iri kugomera, ichichemera zuva
rerusununguko rwunotapira,
Apo Jesu achadzoka panyika zvakare.

Ndinozvifarira izvozvo.

Chivi nekusuwa, marwadzo nerufu zvenyika
ino yerima zvichapera,
Mukutonga kunobwinya naJesu kwechiuru
chemakore erugare.

Bhaibheri rakati, “Vakatonga uye vakabata ushe pamwe naKristu kwemakore 1,000,” Mireniyamu.

Zvino, mharidzo yemutumwa wechitatu uyu, Kuuya kwaShe kwoda kusvika, pakaiswa Chisimbiso nemunembo. Zvino, pachava nekokorodzo huru, kokorodzo.

³⁵ Kunze kuMadokero, patinobuda, ndaisiita, ndakazviita kubva ndichiri mukomana, kubuda ndichienda kunokokorodza mombe muPfumvudza nekukokorodza mombe muChirimo, ndobuda ndichienda kumakomo ndichitinhira mombe zasi. Uye mushure nekunge tatora mombe dzese dzatinogona kuwana, kubva munzvimbo dzose, zvino tobva tabvisa dzese dzisi-... idzo dzisiri dzedu. Dzedu dzine muchiso, uye dzakaiswa muchiso. Uye kana wakambo...

³⁶ Pane akambovaona here vachiisa muchiso pamombe? Chinhu chinoshamisa kuvaona vachiisa muchiso pamombe. Ndaimbonzwira mombe tsitsi. Uye ibasa rinosemesa zvisingaite kana watanga kuisa muchiso pamombe. Kupisa muchiso ndiro raive basa rangu, kutakura simbi yacho. Uye nekuwuisa pangavi duku inenge irere ipapo, nemakumbo ayo akasungwa;

uye nekuisa muchiso iwoyo pairi, nemvere dzacho nyenya zvichitsva; womwaya tutara pairi, woisunungura. Zvino chitaura nezvekumhanya! Inomhanya chaizvo ichienda. Asi, honaka, yaiswa mucherechedzo.

³⁷ Uye ndiyo nzira iyo Mwari vanotiita. Unofanira kudzika kuenda kuartari wombosungwa mbira dzakondo, pane imwe nguva. Asi, hama, kana Mweya Mutsvene wamboisa mucherechedzo pauri, unogona kumhanya nekudanidzira, asi waiswa mucherechedzo. Ndizvozvo chaizvo. Uripo. Kana Sapurazi akauyapo, Anoziva kwaunobva.

Asi, oo, kumhuru iya yakarasika, muchinda uya akatongerwa kudzoserwa pakati pe—pedzimwe mhuru dzekumaruwa.

³⁸ Zvino, inguva yekuiswa muchiso. Uye zvino pachangova nevatasvi 2 mune uku, vachange vari Mwari naSatani. Satani achatora vake, uye Mwari vachatora vaVo. Manheru ano tichaona kuti ndiani ane muchiso waSatani, uye mangwana manheru tichaona kuti ndiani ane muchiso waMwari, maererano neShoko raMwari.

³⁹ Zvino heinoini mharidzo yemutumwa, ndima 9 yechitsauko 14. Toverenga Magwaro aya pano mashoma, andanyora. “Zvino mutumwa . . .”

Zvino mutumwa wechitatu akavatevera, akati nezwi guru, Kana munhu upi zvake akanamata chikara nomufananidzo wacho, nokugamuchira chiratidzo pahuma yake, kana . . . ruoko,

naiye achanwawo waini yokutsamwa kwaMwari, yakadirwa isina kuvhanganiswa mumukombe wehasha dzake; uye . . . aчатambudzwa nemoto nesuruferi pamberi pavatumwa vatsvene, napamberi peGwayana:

⁴⁰ Chokwadi hatidi kuva kana nechekuita nazvo! Tarisai.

Zvino hutsi hokutambudzika kwavo hwakakwira nokusingaperi—peri: uye havana rugare masikati kana usiku, ivo vanonamata chikara nomufananidzo wacho, naani zvake anogamuchira mucherechedzo wezita racho.

⁴¹ Handidi kuva nechekuita nazvo izvozvo, ndine chokwadi. Hongu. Teereraikundima inotevera, apo pandiri kuitarisa.

Hekuno kutsungirira kwavatsvene: hevano vanochogeta mirayiro yaMwari, uye vaine kutenda muna Jesu Kristu.

⁴² Zvino chitsauko 15, uye ndima 2. Uye . . . Teereraikundima 2, uye ndima 2. Zvino, tanga tichiverenga kubva mune chechi 14, uye ne ndima 9. Zvino chechi 15, nendima 2.

Zvino wokutanga akaenda, akadurura ndiro yake panyika; zvino kwakawapo ane mheremhere... maronda akaipa anorwadza pamusoro pe...vanhu vakanga vaine munembo wechikara, nepamusoro pevanonamata mufananidzo wacho.

Chitsauko 16 uye ndima 2.

Uye madzimambo enyika akaita upombwe nacho, navanogara panyika vakadhakiswa newaini yehasha dzeupombwe.

⁴³ Chimbomirai zvishoma. Ndiregerereiwo. Ndavhura, ndinofanira kunge ndavhura 2 awo kamwe chete. Zvakana. Zvino chitsauko 20 uye ndima 4. Zvakana, hepano patiri.

Zvino ndakaona zvigaro zvoushe, naivo vaine vakagara ipapo pazviri, vakapiwa simba rokutonga: ndikaona mweya yavakanga vagurwa misoro nokuda kwokupupura kwaJesu Kristu, nokweshoko raMwari, uye vasina kunamata chikara, kana mufananidzo wacho, vasina kupiwa munembo pahuma dzavo, kana muruoko rwavo; vakararama vakabata ushe pamwe chete naKristu makore 1,000.

⁴⁴ Haungagamuchire munembo wechikara wobva wanamata Kristu kana kuva naYe. “Asi ani naani anonamata chikara kana mufananidzo wechikara, acharwadziwa pamberi paMwari napamberi pavatumwa vatsvene.” Ndizvo zvinotaura Ishe pamusoro pazvo.

⁴⁵ Zvino tichatanga. Vhurai Bhaibheri renyu zvino kuchitsauko 13 chaZvakazarurwa, uye tichangotanga munguva shoma. Zvino izvi zvakakosha zvikuru. Uye nyatsoteerera zvino.

⁴⁶ Chekutanga, tinoda kutora chidzidzo chedu chanezuro manheru. Husiku hwapfuura takatora mazera ekereke, kuti, kuona kwatakaita Jesu akamira muChechi yaKe, “Achitaura senzwi remvura zhinji; uye Akanga aine bvudzi rakaita samakushe; maziso akaita semirazvo yemoto.”

⁴⁷ Rangarirai, zva—Zvakazarurwa yese chiratidzo, uye iri mumifananidzo. Zvose zvine zvazvinoreva, saka unofanirwa kunyatsotarisisa. Verengai vaporofita, muone zvairehwa nemifananidzo, mobva mazvienzanisa neapa kuti mugoziva kuti zviratidzo zvinorevei chaizvo.

⁴⁸ “Aiva nemeso akaita semirazvo yemoto,” achikwira nekudzika nemunyika yose. Uye takaona kuti mirazvo iyoyo, yakaita se... “Minondo, munondo wakabuda mumuromo maKe, uye munondo unocheka nekumativi 2,” uye takaona kuti rakanga riri Shoko raMwari rakabuda mumuromo weChechi. “Uye Raicheka kusvika pamwongo webvupa, uye rinonzvera mifungo nevavariro dzemoyo,” VaHebheru chitsauko 4.

49 Takawana Chechi yakamirapo iri murunako rwaYo; Kristu akangoubwa maIri! Uye Chechi yaive yakapfeka “nguwu” chena. Uye cherechedzai, Aive mudzimai, “pachipfuva,” Aiva nenguwu inofukidza kunyadziwa kwaKe; uye aive ne “tambo yendarama” yakamonerwa pairi, yaive yakaibata pachipfuva. “Chena,” ichtaura nezvekururama kwaKristu; uye “tambo yendarama” yaimiririra Evhangeri. Kuparidzwa kweEvhangeri kunounza Mweya Mutsvene pamusoro peChechi, kururama kwaKristu; kunoibata ipapo, yakasungwa netambo, tambo yebhanhire.

50 Zvino Aive akamira, “tsoka dzakaita sendarira, yakanga yapiswa muvira remoto.” Ndarira inotaura nezvekutonga kwaMwari. Zvino Mwari, kupomhodza mhiko yaVo huru yaVakatora, Vakatumira Kristu, uye Kristu akabhadhara mutongo waMwari. Zvino Chechi yakavakirwa pakutonga kwaMwari, Kristu akamira panzvimbo yaYo. Mufananidzo wakanaka zvikuru, “Kumira muZvigadziko zveMwenje Zvinomwe!”

51 Uyezve takazoonza kuti zera rektanga rechechi, zvavaiva nazvo. Vangani vakanga vari pano nezuro manheru? Ngationei ruoko rwenyu. Zvakanaka, zvakarirana. Zera rektanga rechechi, takaona kuti, muZera reChechi yeEfeso, vaive nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Uye vakabhabhatidza vanhu mumvura, uye vakava ne. . . Mhando dzose dzezviratidzo nezvishamiso zvaifanira kuperekedza mutendi.

52 Uye kuti, muzera rega-rega rechechi, Chakatanga kuenda chichidzima. Kechipiri, kechitatu, nekuzopfuura nemuzera rerima. Uye vakabuda vaine zita renhema, nerubhabhatidzo rwenhema, rweMweya Mutsvene.

53 Zvino vakabva vadzika, zera rakatevera racho, ndokuva nechiedza chakati wedzerei. Zvino pakaiswa mukova, wekuvhura, pakati peZera reChechi yeFirazherfia neRaodhikia.

54 Zvino yeRaodhikia yakazoita kakudziya ndokubuda kuenda kunze kwaCho zvachose, kusvikira Mwari vakaisvipa kubva mumuromo maVo. Ndizvozvo. IGwaro iroro.

55 Uye munyori wenhorondo wese nemutendi wese weorthodox anoziva kuti maZera Manomwe eChechi aya, kana “Zvigadziko zveMwenje Zvinomwe Zvendarama,” sezvakataurwa neBhaibheri, aive Mazera Manomwe eChechi. SeTestamende Yekare inofananidzira muItsva pano, uye sepayaingobuda.

56 Asi pachave nekuzunguzika kukuru uye nerumutsiriro nguva pfupi tisati tavhara mwaka weMarudzi, maJudha asati altora zvakare.

57 Rangarirai, Marudzi akangotarirwa muganhu, nguva shoma yenyasha. Bhaibheri rakati, “Vaizotsika-tsika masvingo

eJerusarema,” Jesu akati, “kusvikira mwaka weMarudzi wopera.” Ndizvozvo. Une nguva yakanyatsotarwa yaunoguma.

⁵⁸ Uye tinoona zvinhu zvavakaita kumashure uko. Tinocherechedza zviratidzo nezvishamiso zvakavaperekedza, kuudzwa kwavakaitwa naKristu kuti zvakanga zvakana kana sei, nezvazvakanga zviri. Zvino Chiedza chakatanga kuwedzera kudzima nekudzima, chikazodzima zvachose. Uyezve pakuvhara, paifanira kuva nerimwe suwo rakazaruka rakaisirwa Chechi. Zvino ngatimirei ipo pano tisati tapinda mazviri. Cherechedzai, ngatitorei chimwe chiporofita chauya mupfungwa dzangu. Muporofita akati, “Pachava nezuva richazenge risiri husiku kana masikati.”

⁵⁹ Ndiri kuita ruzha rwakanyanyisa here? [Ungano inoti, “Kwete.”—Mupepeti] Kana muchikwanisa, munogona kuchuna kadiki ako...Ndinoziva kuti kanoita maungira, uye ndicho chikonzero ndichiti taurei nezwi repamusoro zvishoma, kuitira kuti vanhu vari kumashure vagova nechokwadi chekuzvinzwa. Nokuti, Izvi zvinokosha kwazvo.

⁶⁰ “Uye kuchava neimwe nguva, rimwe zuva,” muporofita akadarwo, “isiri kuzova husiku kana masikati.” Nemamwe mashoko, kunenge kuine chiedza, asi kuchange kwakakwidibira nemakore, munoona, zuva rine makore. “Asi munguva dzamadekwana kuchava neChiedza.” Mufananidzo wakaisvonaka kwazvo!

⁶¹ Zvino, kana mambakwedza akabuda pazuva iri rine makore, zvinoreva kuti kuchava nehondo, nematambudziko, nenguva yekunaka kana yekuipa kwezvinhu, nemwaka, nemachechi, nezvitevedzwa, nezvose. Hakusi kuzova nechiedza kana nerima. Ichava nguva yatinoziva kuti kuna Mwari, uye kune Evhangeri, asi havatongokwanisi kuona nemaIri. Munoziva zvandiri kureva? Vachati ivo, “Bhaibheri rakataura kuti vakaita *izvo* kumashure uko paPentekosti, vakaita *izvo* muChechi yekutanga, vaive nezviratidzo nezvishamiso izvi, asi chechi yedu—yedu haidzidzise iZvozvo.” Munoona, kwakakwidibira, hakuna kusviba kana kuva masikati. “Asi, zvakadarwo, tinotenda muna Jesu Kristu. Tinotenda muKuuya kwaKe kwechipiri, uye tinoziva kuti Ari kuuya.”

⁶² Bhaibheri rakati, “Hakusi kuzova nechiedza kana nerima.” Hawaigona kuti masikati, uye hawaigona kuti husiku. Asi, cherechedzai, “Panguva dzamadekwana kuchava neChiedza,” munguva dzamadekwana!

⁶³ Apo vanhu vekumabvazuva...Bhuku iri iBhuku rekumabvazuva; Bhaibheri ndozvariri. Pakatanga kubuda Chiedza paChechi yekutanga, paEfeso, zvinoka, tinorangarira uye takaona zvakaitika ikoko; Chiedza chaMwari chakaunzwa kubudikidza nemuna Jesu Kristu, nekudururwa kwekutanga

kweMweya Mutsvene. Chakapa Chiedza pasi rose, uye chikanyora Bhaibheri. Ndizvo here?

⁶⁴ Zvino Akavimbisa, kunyika yekumadokero, zuva rinobudira kumabvazuva, pamavambo emwaka wenyasha, uye zvino zuva rava kunyura kumadokero, pavanhu vekumadokero. Tiri vanhu vekumadokero. Uye Akavimbisa kuti pachava nerumutsiriro uye kuchava neChiedza munguva dzamadekwana. Tiri pano. Chiedza chiri kupenya, “uye rima harikwanise kuChinzwisisa.” Ndizvo. “Vanhu vanoda mabasa akaipa kudarika kwavanoita mabasa akanaka.”

⁶⁵ Asi zvave kugadzirira kunyura seri kwejengachenga uko. Uye Chiedza chidiki chatinacho ichocho, batirirai paChiri. Tarisai, ndiRo zuva rimwe chetero rakabudira uko kumaJudha, riri kudokera kuno kuMarudzi. Kubudikidza nemuzera rose pano, kufamba nemumakore 2,000 aya, vaive *neizvi*, *neizvo*, nemasangano nemwaka, *neizvi neizvo*. Uye vanhu havazive pavakamira.

⁶⁶ Asi Bhaibheri rinovimbisa, Mwari vakazviita, kubudikidza nemuporofita, kuti, “Panguva dzamadekwana kuchava neChiedza.” Kuchava neChiedza munguva dzamadekwana. Ndinotenda kuti tasvika. Zuva rava kunyura. Zvisikwa zvose zviri kugomera, zvichichemera zuva iroro. Cherechedzai.

⁶⁷ Zvino tinoona, kuti, zvavakava nazvo pazera rechechi yekutanga chaiyo, vakava nedzidziso isinganzwisisike. Chinhu chekutanga, akangova mamwewo “mabasa.” Akati, “Unovenga mabasa vaNikoraiti.”

⁶⁸ Handizive kuti vaNikoraiti vaiva chii? Ndakazvitsvaga, uye nemunhorondo, ndichidzokorora ndadzokorora nekudzokorora, nemutsanangudzo dzakanakisisa dzandaigona kuwana, uye hapana anogona kuziva, kunze kwekunge iri dzidziso yakatangwa nemumwe munhu, Nic, Nicolas, aifanirwa kunge ari mumwe wevaapostora akaita sekurasika. Akazvigadzirira chitendwa, kana chimwewo chinhu, uye kubva ipapo zvakatanga vaNikoraiti. Aive mabasa, pakutanga. Zvino aiva “mabasa” muEfeso, muzera rechechi rakatevera racho akava “dzidziso yechinamoto.” Zvino ndokuzopinda muzera rerima rekutambudzwa.

⁶⁹ Zvino dzidziso imwe cheteyo yevaNikoraiti yakatanga apa muchechi yekutanga, mushure mezvizvarwa 3 kana 4 zvekutanga zvevaapostora, chakava chiito. Vakutanga kufunga kuti, “Zvino, *izvi* zvichange zviri iZvo.” Zvino mose munoziva kuti zvakazobuda sei, uye imi vaverengi veBhaibheri.

⁷⁰ Zvino, zvakatanga munenge muna A.D. 600 ne... kana kuti 306, kwavanodaidza kuti kutendeuka kwaConstantine. Haana kana kumbobvira akatendeuka. Muchinda uyu aiita zvinhu zvakasviba zvakaitwa nemurume uyu, haana kutendeuka. Ndizvozvo. Chinhu chimwe chete chaakangoita, chaiva

nechimwewo—nechimwewo chekunamata machiri zvachose, akaisa muchinjikwa pachechi yaMusande Sofia. Chaiva chisiri chimwe chinhu here ichi, chaizoendesa Kudenga? Zvakanaka. Akaudza Makristu, kuti kana akakunda muhondo iyoyo, aizova Mukristu. Zvino vakanyengetera. Uye akabuda akanokunda muhondo, kana kuti akakunda mukurwa, ndokudzoka akati, “Zvinoka, ndichajoinha chechi.” Mufananidzo wakanaka kwazvo wenhengo yechechi ine kakudziya nhasi. Ndizvozvo chaizvo. Akaisa muchinjikwa pamusoro pechechi.

⁷¹ Mushure mekufa kwake... Aive nevanakomana 2, vanakomana 3; Constantine, Constantius, naConstans-tinople, zvinova kuti zvakatanga kuita mabvazuva nemadokero eRome, zvino vakaparadzana. Uye imomo, zvino, ndokuva ne Ottoman Empire, munguva iyoyo.

⁷² Zvino ndokubva, ivo, muchizvarwa chingangoita chepiri, kana chetatu, chechina chevaapostora; uye zvakare, chokutanga munoziva, vakatanga kukakavadzana pakati pavo. Ndokubva vapatsanurana, kachitevedzwa kadiki.

⁷³ Munhu wose, tora chechi... Apo, chechi iya yeMethodisti yaWesley payaiva nesimba, yaiva simba John Wesley paakanga ari pano. MaLutherani aiva, muzuva rawo; uye munhu wese. Asi muvambi ngaangofa, kamwe chete, zvino ipapo vanobva varasika.

⁷⁴ Ishe pavakazviratidza kumashure uko; pavaida kuti nditange, kuita sangano pane Izvi, nezvimwe zvakadai. Ndakaenda kumusoro kuno, ndikaona paya Dwight Moody, muvambi mukuru, weMoody Bible Institute. Uye ndakafunga, “Dai Dwight Moody aigona kutarisa paBible Institute iyi; izvo murume uyu akamiririra, uye nezvavanoita zvino!”

⁷⁵ Zvino, ndakati, “Tarisai pano, tarisai, ko kuri kwekuti—ko kuri kwekuti Wesley, Calvin, Knox, Finney, Sankey, kana Finney, chero mumwe wavo, amuka nhasi, oona chechi yavo pairi!” Oo, ini zvangu! Munoono, kekutanga, kana munhu akamira ipapo, anobata Chokwadi.

⁷⁶ Tarisai kuna Chiremba Dowie muZion City, handiti, nhasi, vanoseka kupodza kwaMwari, apo gu—guta rakanga rakavakirwa pamusoro payo. Asi Dowie paakafa, kukabva kwazouya ani... Blake, John Lake nevamwe vese. Zvino, chinhu chekutanga munoziva, yakatenderera zvino kusvikira Assemblies of God yapinda mazviri, uye neboka guru revetsika nezvose. Uye che—chechi yaparara uye yakadzokera shure, uye iri muchinhano chakaipisisa.

⁷⁷ Saka ndakaona izvi, Bhaibheri rakati, “Dhavhidhi akashumira Ishe zvakanaka muchizvarwa chake.”

⁷⁸ Saka ndakati, “Ishe, handidi sangano kana ripi zvaro. Regai ndiKushumirei nemoyo wangu wose, ndichiri pano ndichirarama.” Ndizvozvo. “Anozotevera, Muchazova

nemumwe munhu kana ndichinge ndaenda. Muchava nemunhu anотора nzwimbo yacho.” Ndizvo zvoga.

⁷⁹ Musaedza kuvakira pane zvimwewo. Hamugone kuvesa moto panzwimbo imwe chete. Israeri yaifanira kuramba ichifambira mberi. Pavaimira, vaidzokera shure. Vaifanira kuramba vachifamba manheru ega-ega; kuvesa moto mutsva husiku hwega- hwega; vongoramba vachienda mberi. Uye ndizvo zvatnofanira kuita. Zvaive naLuther zvakanga zvakakanaka; zvaive zvezuva raLuther. Zvaiva naWesley zvakanga zvakakanaka; raiva zuva raWesley. Zvaiva nevehutsvene, zvakanga zvakakanaka; raiva zuva ravo. Tiri kurarama mune rimwewo zuva. Zvino tiri— tiri kufambira mberi. Uye kukava nezuva mushure medu, richangouya zvimwe chetezvo. Asi ngatifambe muChiedza apo Chiedza chiripo.

⁸⁰ Zvino, uye ndinocherechedza izvi, kuti, imomo dzidziso iyi yakava, chinhu chekutanga munoziva, kusvikira yakapatsanuka kuita zvimwe zvimapoka zvezvitevedzwa, zvino vaRoma ndokubva vatendeuka. Zvino, humambo hwechiRoma, kubva mumazuva e—eRoma payakatanga kutora nekukunda nyika yeMarudzi kubva kumaGiriki, mushure mokuwa kwaAlexander Chinembiri, yaive iri nyika yaitonga pasi rose; vanhu veRoma, zera reMarudzi. Dhanieri akataura kudaro, muchiratidzo. Tichasvika kwazviri, mu—mumaminetsi mashoma. Asi yakagara iine simba rinotonga pamusoro penyika; ivo vaRoma.

⁸¹ Uye zvakare tinoona ipapo, zvino, kuti vakaita kuti chechi ive sangano. Boka revanhu vakauya pamwe chete, mungangoita muna 606, uye vakazvidana ivo kuti, “madzibaba epakutanga,” madzibaba echechi. Mapoka evarume vakauya pamwe chete ndokuita dare rezvavanofanira kuita, uye vakabva vagadzira sangano.

⁸² Zvino regai nditaure pano, shamwari dzangu dzinodikanwa dzeChikristu, mose maProtestanti nemaKatorike. Uye zvino, ndinofunga ndine shamwari dzechiKatorike dzakagara pano; handisi kutaura izvi kuti ndikurwadzisei. Nokuti, imbomirai kwemaminetsi mashoma, uye tichaunza Branham Tabhenakeri mazviriwo zvakare, munoona, chimbomirai henyu zvisihoma. Tinofanira chete kuparidza Evhangeri sezvaIri pano. Zvisinei nekuti ndekupi... Johane akati, “Demo rakaiswa pamudzi womuti,” zvichazoitika mushure mazvo ndizvozvo. Ndizvo chaizvo. Anofanira kutema miti nezvimwe.

⁸³ Asi, tarisai, imomo vakaita kuti chechi yekutanga ive sangano. Zvino vakauya pamwe chete vakaita sangano rechechi yekutanga, yainzi chechi yepasi rose, kana kuti kereke yeKatorike muRome. Uye Katorike inoti iyo ndiyo “amai chechi.” Uye ndicho chokwadi chaicho. Ndiyo amai chechi vemasangano. Ndizvo chaizvo. Ndekekutanga, munhorondo

yese yepasi rose, kuti kwakambova nechechi yakava sangano; hakuna kumbobvira kwakava nayo, kubva pamavambo enguva.

⁸⁴ Nemumazuva eIsraeri, vakanga vasiri—vakanga vasiri sangano. Vakanga vari rudzi, kwete sangano. Uye ivo... Jesu Kristu haana kumbobvira akaronga chechi kuve sangano. Hapana mumwe wevaapostora akamboita kuti chechi ive sangano. Uye hapana nguva zvichidzika zvichienda, mushure mezvizarwa 3 kana 4 shure kwavo, pavaamboita kuti chechi ive sangano. Ndinoda kuti uye nenhorooondo woisa munwe wako pane... Undiratidze pazviri. Uye ndakaverenga Josephus nevole vanyori venhorooondo vakakurumbira vatinavo munyika nhasi, vandinoziva, nokuti ndinofanira kuva nechokwadi. Ndinotaura izvi pamberi pezviuru zvevanhu; unofanira kukwanisa kutsigira uye woratidza zvauri kutaura nezvazvo. Ndizvozvo chaizvo. Hakuna kumbobvira kwakava nesangano. Uye kwete...

⁸⁵ Zvino Mutsvene Petro haasi iye akavamba kereke yeKatorike. Ndinoda nhoroondo imwe, kana chikamu chimwe cheRugwaro. Mutsvene Petro aiva murume akaroorwa. Makati imi aiva papa. Haagiona kunge ari papa. Petro akanga ari murume akaroorwa. Bhaibheri rakati, “Mai vemudzimai wake vakarara vachirwara ne—nefivha, uye Jesu akavapodza.” Uye sekuziva kwangu, Mutsvene Petro haana kumbova muRome. Uye hapana nhoroondo inoratidza kuti akambova kuRome. Uye kukanganisa ikoko.

⁸⁶ Asi vakanga vaita sangano ndokumisa pamwe chete kereke inonzi kereke yepasi rose. Ikoko vakagadzira munamato wepasi rose. Vaiva nokunzwana kwakakwana; munhu wose aifanira kuva pamwe chete, munhu wose otaura chinhu chimwe chete. Munamato mumwe chete wakaitwa.

⁸⁷ Uye vakagadzira zvitsama zveMagwaro, vachiatora kubva muBhaibheri, mazhinji awo, uye vachigadzira mamwe. Hakuna panotaurwa nezvepurigatorio kamwe chete mumaBhuku anoyera ose emuBhaibheri; hamuna ana “kaziwa Maria,” hamuna zvakadaro. Zvinogara zvichipesana, zvichipesana nazvo, mese hamo muMagwaro. Hazvina kumbodaro, chero nguva ipi zvayo. Uye kana mukapawana pamwe panhu, mune mvumo yekuuya mangwana manheru kuzondigadzirisa. Hazvimo, chero papi zvapo; unzai muprisita wenyu kana mufundisi. Hapana nzvimbo, muMagwaro, pazvakambotaurwa.

⁸⁸ Kabhuku kadiki koga, ke Maccabees, kakawedzerwa mune rino iRi, kasina kana kufemerwa; zvinhu zvakaiswa mune iRi, kana kuti zvakabviswa mune iRi. Bhaibheri *iRi* ndiro Roga. Iro... Rakacherechedzwa nevavambi vekutanga, kana chero vanyori venhorooondo yechechi yekutanga, kana chero nguva ipi yeOrthodox Jew, uye havana chimwe chavaicherechedza kunze kweBhaibheri ratinaro nhasi.

⁸⁹ Zvino, saka, mune izvozvo, nyatsoteererai zvino. Zvino munofunga kuti maKatorike ari kurohwa? Chimbomirai zvishoma, munoona.

⁹⁰ Zvino, vakabva vaita sangano rechechi yeKatorike, zvino vakatanga kutambudza, kuti vaizo... Waifanira kuita munhu wese, kwese, kereke nehurumende, zvakabatana pamwe chete, uye ndokuunza kubva kuRoma yechihedheni kuve Roma yaanapapa. Nemamwe mashoko, kubva mukufungira mune zvekunamata zvimupunzo, vakagamuchira Chikristu nenzira yavo ivo. Maona? Vaitadza kunzwisisa kuti sei munhu aimira achinamata pasina chinhu. Vaiva vanamati vezvimupunzo, saka vakangobvisa Venus ndokuisa Maria; vakabvisa Jupiter, ndokuisa Petro; imwe mhando yemufananidzo wekunamata. Zvino, uye vainamata izvozvo zvisati zvavapo. Uye vakaita munamato wepasi rose, vakautaura muchiLatin kuti usazokundika, nezvimwe zvakadaro, vaizogara vachitaura zvimwe chetezvo.

⁹¹ Uye haugone kukurukura kana kuita nhaurirano nemuprisita wechiKatorike, kana muKatorike, muchizvitsigira neBhaibheri.

⁹² Mumwe akagara, muprisita wechidiki uyu zasi uko, akagara mumba mangu nguva pfupi yapfuura. Akati, “Imi maProtestanti, munoverenga Bhaibheri mogara kumba. Isu maKatorike tinoenda kuchechi tononamata.”

Ndakati, “Asi chii? Ndizvozvo. Zvino chindipindurai izvozvo.”

Akati, “Mwari vari muchechi yaVo.”

⁹³ Ini ndikati, “Ivo...Hapana kana chikamu chimwe chidukusa cheMagwaro chinotaura kudaro.” Ndakati, “Mwari vari muShoko raVo. Iye akati, ‘Shoko remunhu wese ngarive renhema, uye raNgu rive chokwadi.’”

⁹⁴ Akati, “Hamufunge here kuti boka rese revarume, vachirangana pamwe chete, vaizova nesimba rinopfura remunhu mumwe chete?”

⁹⁵ Ndikati, “Kwete. Kana munhu mumwe chete ari mukuda kwaMwari, ane Chokwadi.” Nguva dzose zvakazviratidza pachena.

⁹⁶ Sezvakaita Jehoshafati naMikaya, zvidzidzo zvatakava nazvo rimwe zuva, Svondo yapfuura, Mikaya paakaendako. Uye vaparidzi 400 vakamira, vachiti, “Endaiko! Ishe vanemi. Endaiko! Ishe vanemi.”

Jehoshafati akati, “Hapana mumwezve here pano?”

Akati, “Kuna Mikaya, asi ndinomuvenga.”

Akati, “Ngatinzwi zvaanotaura.”

Akati, “Endai zvenyu, asi ndaona Israeri yakapararira semakwai.”

Akati, “Handina kukuudza here?” Maona?

⁹⁷ Saka, ndiani aireva chokwadi, ipapo? Apo vaporofita 400 vakadzidziswa vamire pamberi pemurume uyu, asi zvakadaro mumwe muumburuki mutsvene mudiki akapfeka mamvemve amire kumashure uko aiva nechokwadi. Ndizvozvo. Ichokwadi. Akadaro. Aiva nechokwadi. Akawaturwa pamuromo ndokurohwa, nokuda kwazvo, asi akanga aine chokwadi.

⁹⁸ Saka hazvina basa kuti vangani vanotaura *izvi*, kana kuti vangani vanotaura *izvo*, ndeizvo zviri ZVANZI NAJEHOVHA. Ichokwadi. Unotofanira kumira wega, nguva zhinji, kana ukamira paShoko raMwari, asi iva nechokwadi kuti umire pane zvakarehwa naShe.

⁹⁹ Zvino, vakaita chechi iyi sangano, bato guru, chechi yeKatorike, inova huru yacho pazvinamoto zvese, nhasi, munharaunda yeChikristu, chiKatorike. Asi vanoti, “Haudi. . . Hati. . .”

¹⁰⁰ Unoti, “Munozviwanepi ‘zvekusadya nyama’? Munozviwanepi zvekuti ‘muprista asaroora’? Munozviwanepi?”

¹⁰¹ Akati, “Hatidzidzise Bhaibheri.” Akati, “Chechi ndiyo inzwi racho. Zvisinei nekuti Bhaibheri rinoti kudii; ndeizvo zvinotaurwa nechechi.”

¹⁰² Asi Mwari vakati, “Shoko remunhu wese ngarive renhema, uye raNgu rive rechokwadi.” Zvino unofanira kutora sarudzo yako.

¹⁰³ Zvino, chiNikoraiti chiya chakava dzidziso, ndokuzobva kwava kutambudzwa. Zvino, hezvinoi zvobuda muno mumazuva ekupedzisira. Zvino kwakazouya chitubu, kubudikidza nemumazera erima nekutambudzwa; zvino kukazouya kakusununguka, pane kuvandudzwa kwekutanga, aive Martin Luther. Martin Luther akapikisa kereke yeKatorike, nekuda kwaizvozvo akafamba akaendako ndokutora chirairo ichocho. . .

Ivo ndokuti, “Uyu ndiwo muviri waKristu.”

¹⁰⁴ Iye akati, “Hausi muviri waKristu. Kahwendefa aka. Ndizvo zvoga zvakari.”

¹⁰⁵ Vanotenda kuti iyukaristi tsvene, zvinova izvo, “*yukaristi tsvene* inoreva ‘Mweya Mutsvene.’ Uye paunoitora, uri kuisa Mweya Mutsvene mumutumbi wako.” Zvino handizvo.

Mweya Mutsvene rubhabhatidzo rweMweya.

¹⁰⁶ Kwete kuti, “Zuva rePentekosti parakanga rasvika zvizere, muprisita akauya ndokuvapa yukaristi tsvene, kahwendefa parurimi rwavo.” Kana kwete kuti, “Mumwe muparidzi

akafamba ndokusasa mvura pavari, ndokuvakwazisa ruoko,” kana. Kwete, changamire.

¹⁰⁷ “Asi kwakabva ruzha kudenga serwemhepo inovhuvhuta nesimba, rwukazadza imba yose yavakanga vagere.” Ndiwo Magwaro iwawo. Ndizvo zviri zvechokwadi. Ndizvo zvakaitika muChechi iyoyo, uye ndizvo zvakaitika apo Chiedza chiri kupenya muzuva rino. Ndipo pakapinda Chiedza neipapo; uye apa ndipo pakapinda Chiedza neapa.

¹⁰⁸ Zvino kana Magwaro chero api, andiri kutaura sezvaari, akabvunzwa, ingoriisa pa...Ndichakupai nzvimbo yacho pazviri, munoona, muMagwaro. Zvakanaka. Chokwadi, munguva diki seino...Kazhinji, kana tikapinda maZviri, tinitora mavhiki nemwedzi yakati kuti. Ringori Gwaro racho rose, woritsanangura, woita kuti vanhu vange vaine Bhaibheri ravo. Asi, kana pakava nemubvunzo paRiri, ingondizivisai. Zvakanaka.

¹⁰⁹ Zvadaro, Martin Luther. Zvino, mushure maMartin Luther, kwakauya John Wesley.

¹¹⁰ Martin Luther akabuda nekatekazi, zvinhu zvakangowanda-wanda. Akabuda nerubhabhatidzo, akabuda achipa rubhabhatidzo rwuri muhutu, rwetiriniti rwusina kana kumbodzidziswa muBhaibheri, harwuna kana kumbodzidziswa muBhaibheri. Hakuna kumbova nemunhu akambobhabhatidzwa murubhabhatidzo rwavanamwari vatatu, muBhaibheri. Kana zvadaro, huya undiratidze pazviri. Hazvimo.

¹¹¹ Nzira chete yavakarairwa kuti vabhabhatidzwe, yaive yekuti, “Endai munodzidzisa marudzi ose,” Akati iye kumashure uko, “uye muvabhabhatidze muZita,” kwete muzita, “nemuZita; Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene.” Zvino vadzidzi vakatendeuka ndokubhabhatidza munhu wese muZita ra “Jesu Kristu,” uye, vakaraira kuti chero ani zvake akange akabhabhatidzwa neimwewo nzira, vaifanira kuuya kuzobhabhatidzwa zvakare vasati vawana Mweya Mutsvene. Zvino hapoka ndokubuda kereke yeKatorike...

¹¹² Ratidza nzvimbo imwe chete muBhaibheri apo mumwe munhu akambobhabhatidzwa muzita ra “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene.” Hazvina zvezvareva, handizvo here? Mugovera manheru manheru emubvunzo, ndichauwana, tichazvigadzirisa izvozvo. Zvakanaka. Zvakanaka. Ndinoda chero munhu anogona kundiratidza nzvimbo imwe chete pane mumwe munhu akambobhabhatidzwa muzita ra “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene,” ndichafamba kubva papurupiti ndoti ndiri munyengeri. Uye chero ani akabhabhatidzwa neimwewo nzira, akatozouya ndokubhabhatidzwa zvakare muZita ra “Jesu Kristu,” kuti

agamuchire Mweya Mutsvene. Ndizvozvo chaizvo. Ndizvo zvakataurwa neBhaibheri.

¹¹³ Zvino, munoono, tinotora dzidziso panzvimbo yeChokwadi. Zvino tarisai paMagwaro. Usataure, kuti, “Zvinoka, Hama Branham ndivo vakadaro.” Iwe tarisa paMagwaro zvino. Tora concordance yako uzvitarise. Uyezve paunongo. . .

¹¹⁴ Makacherechedza kuti, rimwe nerimwe remazera echechi raive neZita raKe, kusvikira azopfura nemuzera rechechi iri rerima.

¹¹⁵ Uye, tarisai, kufananidzira ikoko mu—muchechi yeOrthodox. Apo paive nezera rine rima gurusu, remaJudha, ndeapo Ahabhu, munguva yebudiriro huru mushure—mushure mamambo mukuru akamutangira; uye izvi zvisati zvaitika, vaiva vakaisa Israeri yose muchinhanu chakanaka. Zvino Ahabhu akauya semutendi wepamuganhu, chinhanu chinongodziya, ndokuenda akanoroora mwanasikana wamambo mudiki uyu, Jezebheri, aiva munamati wezvifananidzo, zvino akamuunza mukati, uye akaunza kunamata zvifananidzo muIsraeri. Hamuzvirangarire here? Mufananidzo wakanaka kwazvo.

¹¹⁶ Apo chiProtestanti chakaroorwa nechiruma, vakaunza kunamata zvifananidzo zvakare muChikristu, muzera rerima; chaizvo—chaizvo, maringe nepanzvimbo yazviri.

¹¹⁷ Zvino tarisai pazvinobuda kudivi iri. Apa une chii? Chinotsiva Mweya Mutsvene; kahwendefa. Chinotsiva rubhabhatidzo rwemumvura muZita raJesu Kristu; Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene. Vakatsinhanisa zvinhu zvose. Ndinogona kutora ndoratidza neMagwaro; chinotsinhanisa pamusoro pechinotsinhanisa.

¹¹⁸ Uye Martin Luther akabvumirana nazvo. John Wesley akauya zvakare nechinhu chimwe chete, ndokubvumirana nazvo. Hakuna kumbova nemunhu, muBhaibheri, akambosaswa mvura. Hakuna kumbova nechinhu chakadaro. Makanga musina chinhu chakadaro muBhaibheri, hapana kutumwa kana kurairwa kwazvo zvachose, asi munozvibvumira. Ndizvozvo. Munozvibvumira. Vanobuda votora kachigubhu kemunyu voimwaya—mwaya pauri. Sei? Kereke yeKatorike ndiyo yakazvitanga, uye munozvipfugamira. Ndizvozvo.

¹¹⁹ Mumwe munhu akati, rimwe zuva, akati, “Hamusi. . . Imi, hamusi muKatorike chete. Muri. . .”

¹²⁰ Ndakati, “Kwete, hama. Ndiri muProtestanti. Ndinopikisa chinhu ichocho.” Ndizvo chaizvo. Semushumiri weEvhangeri, nevana vaMwari vari senhengo dzangu pano, dzeDenga, uye ndinofanira kuvaparidzira ndogara pamberi pavo semudzidzisi nezviratidzo nezvishamiso, ndingava munyengeri kana ndikasamira nezviri chokwadi. Ndakati, “Hongu, changamire. Ndichamira, kunyangwe zvikandiuraya. Ndichazviita. Ndi—ndichangodzidzisa zviri Bhaibheri.”

¹²¹ Uye ndinoda, chero nguva, kuZvikurukura nemunhu chero upi zvake, munoono; angave ari papa weRoma, kana bhishopi mukuru, kana chero zvaari. Maona? Hongu, changamire. Ndizvozvo. Kana ndiri kukanganisa, huya undiratidze. Zvino, handisi kukanganisa, nokuti ndiri kutaura zviri kubva muMagwaro. Iwe... Handitori bhuku renyu rezvidzidzo. Iri ndiro Bhuku racho rezvidzidzo, iri *pano*.

¹²² Zvino, saka, cherechedzai, vakatanga kubuda netsika dzose idzi.

Zvino, mumazuva ekupedzisira, kuchauya kutambudzwa.

¹²³ Zvino tiri, tingati pana, Zvakazarurwa chitsauko 13 zvino, kutanga. Zvino kana mukacherechedza, tichienda tichidzika muchitsauko pano, akati, “Ndakatarira, ndikaona, Gwayana rimire pagomo reSinai...” Kwete, ndiregerereiwo, ndiri mundima isiri iyo, chitsauko chisiri icho, chechi 14. Chitsauko 13:

...ndakamira pajecha regungwa, *zvino ndakaona chikara chichikwira chichibva mugungwa, chine misoro 7 nenyanga 10, napamusoro penyanga dzacho korona 10, napamusoro—pamusoro pemisoro yacho zita rokumhura.*

¹²⁴ Kumhura chii? Iko “kuseka, kunyomba, kutaura pamusoro pechimwe chinhu.” Zvino tarisai, chakanga chiine “misoro 7, nenyanga 10.” Uye tarisai apo icho “pachakabuda chichibva mugungwa.” Zvino Zvakazarurwa 17, imi muri kuzvinyora pasi, 17:15, yakataura kuti—kuti *mvura* dzinimiririra “huwandu nemhomho yevanhu.” Saka *chikara* ichi chinimiririra “simba, simba risina humwari.” “Chikara chinouraya chakasimuka pakati pevanhu, uye chikamira pajecha regungwa. Zvino ndakaona chikara...”

Uye *chikara chandakaona chakanga chakaita se... ingwe, ...netsoka dzacho dzaiva tsoka dzechitsere, ... muromo wacho...muromo weshumba: uye shato ikachipa simba rayo, ne...chigaro, namasimba makuru.*

¹²⁵ “Shato!” Tava nezvinhu 2 zvekuti tigoongorora zvino. Tarisai chikara ichi. Chaiva nezvikara 4 zvakasiyana machiri.

¹²⁶ Uye kana ukatora Dhanieri 7, imi muri kuzvinyora pasi, Dhanieri 7. Dhanieri akaona chiratidzo chimwe chetecho, makore 800 izvi zvisati zvaitika, akaona chiratidzo ichi. Akaona zvikara izvozvo, zvakapatsanurana, chimwe kubva kune chimwe, pamavambo ekutonga kweMarudzi.

¹²⁷ Uye hezvino izvi, Johane achizviona, nemagumo ekutonga kweMarudzi, zvikara 4 zvose izvozvo zvaimiririrwa mune chimwe. Madhimoni mamwe chete iwayo ekare, madhimoni aibata muhumambo humwe nehumwe hwevaRoma, zvichienda

zvichidzika, nemaGiriki, nehumwe hwakadaro, zvichidzika nemumwaka weMarudzi, azonyatsodzika zvino ose asangana muchikara chimwe chete. Tichachiwana, zvakangananga, uye toona kuti ndiani. Ndizvozvo. Zvose izvozvo, ingwe, shumba, zvose izvozvo, shato. Vangani vanoziva kuti shato chii? *Shato* inomiririra “Rome.” Ehe.

¹²⁸ Ngati—ngatizviverengei izvozvo. Izvozvo, zvinoita sezvine mubvunzo mupfungwa dzenyu. Ndipei Zvakazarurwa chitsauko 12, kwechinguvana pano. Ngatitarisei pano, Zvakazarurwa 12. Zvino tarisai.

Zvino kudenga kwakaonekwa chishamiso chikuru ichi; mukadzi. . .

¹²⁹ *Mukadzi* anomiririrei? Iyo “chechi.” Uyu—uyu mwenga uyu apa. Iyi ichечи, chechi yechokwadi.

. . . mukadzi akanga akapfeka zuva, uye mwedzi uri pasi petsoka dzake, . . .

¹³⁰ Tarisai, mwedzi uri pasi pake. . . “Zuva riri pamusoro wake, mwedzi uri pasi petsoka dzake.” *Zuva* rakanga riri “mwaka wenyasha.” Uye *mwedzi* wakanga uri “mwaka wemurawo.” *Mudzimai* akanga ari “chechi yeOrthodox,” uye akanga amire pamusoro pemurawo. Murawo wakanga uchipfuura, nokuti murawo wakanga uri mumvuri wezvinhu zvakana zvaizouya. Ndizvo here? Mwedzi unongova mumvuri, wezuva richiratidza pamwedzi (ndizvo here?), kugadzira mwedzi. Zvino murairo wakanga uri pasi petsoka dzake; akanga atorarama nemuzuva iroro. Uye cherechedzai mapfekero aakanga akaita pano zvino.

. . . zvino pasi petsoka dzake, napamusoro wake korona ine nyeredzi 12: (Chechi ine korona yeDzidziso yevaapostora 12, munoono.)

Zvino iye aine mimba akachema, achirwadziwa pakupona, . . . achitambudzika pakuzvara. (Yaiva chechi yeOrthodox. Tarisai.)

Zvino—zvino kudenga kwakaonekwa chimwe chishamiso; zvino tarira shato huru tsvuku, ine misoro 7, . . . (munoono, chengetai 7 iyoyo mupfungwa zvino, “misoro 7,” nguva dzose) . . . misoro 7 . . . nyanga 10, nekorona 7 pamisoro yayo.

Zvino, uye muswe wayo ukakweva chikamu chetatu chenyeredzi dzokudenga, ndokudzikandira pasi panyika: zvino shato yakamira pamberi pomukadzi akanga ozvara, kuti idye mwana wake achingozvarwa. (Tarisai!)

Zvino akazvara mwana mukomana, aizotonga marudzi ose netsvimbo yedare: zvino mwana wake ndokubvutwa kuna Mwari, nokuchigaro chake choushe.

¹³¹ Chechi yeOrthodox yakamirapo; zuva richipenyera pasi; Dzidziso yevaapostora 12. Zvakanaka. Nemwedzi pasi petsoka dzake, murawo, mumvuri wezvinhu zvichauya; Chiedza cheEvhangeri chiri kupenya zvino, murawo wakadzima pakabuda Zuva.

¹³² “Akarwadziwa pakupona kwake, uye akabereka Mwana Mukomana,” aiva Kristu Jesu, “uye Akabvutwa kumusoro kuna Mwari. Asi pakango...” Hezvinoi izvi. “Zvino shato iyi, yaiva dhiyabhore, payakangoona mudzimai yu ave kuda kupona, yakamira pedyo naye chaipo kuti idye Mwana waVo Achitongozvarwa.”

¹³³ Zvino Jesu paakaberekwa, Humambo hwechiRoma hwakapa chiziviso, kuti vauraye vana vose kubva pamakore 2, zvichidzika, kuti vauraye Kristu Jesu. Zvino Mwari vakamudzimaidza, ndokutora Mwana kuenda naye zasi kuEgipita vakaMuvanza, sezvaVakaita Mosesi nenzira imwe cheteyo.

¹³⁴ Heyo shato iya tsvuku, dhiyabhore. Chigaro chake chiri kupi? Mu... Kwete muRussia; muRome! Uye akati, “Dhiyabhore akamupa chigaro chake uye simba rake, shato tsvuku,” kwete Russia.

¹³⁵ Ndinonzwa vashumiri vakuru vachiti, “Weku Russia ndiye antikristu.”

¹³⁶ Handiti, weku Russia haana kana chekuita naantikristu. Iyo icommunism iyo. Hunyengeri hwechiProtestanti nechiKatorike ndihwo hwakabereka communism. Chikonzero Russia yakavadzanga imomo, imhaka yekuti vaive nemari yese. Uye vakava neminamato yese yakaitwa kuvatsvene ivavo, saka vakavakava zvivakwa zvikurusa, uye vakatora hupfumi hwose hwevanhu, ndokuhuunganidza saizvozo. Uye vakaona kuti vairarama zvisina kusiyana, uye vakanga vasina kumbosiyana neimwe nyika yose, uye vakazviramba ndokuvamba communism.

¹³⁷ Zvino kana mukandipa humwezeve husiku, kana Mwari vakadaro, ndichakuratidzai kuti communism iri kushanda mumaoko chaimo aMwari Samasimba, kuti igoparadza chiRoma... Uye, rangarirai, ndiri kutaura izvi semuporofita waMwari, humambo hweRussia huchadonhedza bhomba reatomu reimwe mhando paGuta reVatican roriparadza muawa imwe chete. ZVANZI NAJEHOVHA. Uye Bhaibheri rakati Mwari vakatora varume vaiva nemwoyo ine hutsinye vakavaisa mumaoko aVo, uye vakanga vari midziyo mumaoko aVo, “kuti vazadzise kuda kwaVo,” uye kudzorera kwariri izvo chaizvo zvakanga zviri kuuya kwariri. Ndizvo chaizvo. Ndiro Shoko.

¹³⁸ Hama, hamutongocherechedza kuti zvinhu izvi zvine mano akadii! Rangarirai, Jesu Kristu akataura kuti antikristu aizova pedyo zvikuru kusvikira aizonyengedza vasanangurwa chaivo. Akati, “Zvino musarega chero munhu

achikunyengerai.” Akati, “Musaite sevahedheni, kuramba uchingodzokorora nekudzokorora munamoto wako, ‘Kwaziwai Maria, makakomborerwa imi, muzere negirasiya, uye vakakomborerwa avo...’” Akati, “Musaite sevahedheni, muchishandisa kudzokorora kusina maturo.” Akati, “Uye musadaidza munhu kuti ‘baba,’ panyika pano, kana, kana... sezvo muna Baba vamwe chete, uye vari Kudenga.”

¹³⁹ Asi munotendeuka, mofuratira izvozvo, mozviita zvakadaro, nekuti zvine mukurumbira. Dhiyabhore agara aine chinhu chakakurumbira. Zvagara zvakadaro, kubva pakutanga, “chimwe chimiro chechinamoto.” Kaini aive nechinhu chimwe chetecho. Heuno mweya wake uchifamba umu chaimo, kubudikidza naantikristu; uye heuno Abheri achiuya, uyo akaurayiwawo, zvakare. Ndizvozvo. Cherechedzai, uye zvino tarisai.

¹⁴⁰ Mhuka dzose idzi, kumashure uko, dzose dzakanoperera muchikara chimwe chete neche kuno, chainzi “shato tsvuku,” dhiyabhore.

Zvino ngatitangerei pandima 15 yechitsauko 13.

¹⁴¹ Munoono zvino kuti *Rome* iyoyo yaiva—yaiva “chigaro chaSatani.” Chikara chine misoro 7 chine nyanga 10 chakamira pedyo neMwana, Mwana Kristu, kuti chiMuparadze ichingozvarwa. Ndiani akazviita? Herodhi, Roma; yakagara achingo. Tichapinda muna Dhanieri, chaimo, kana tiine nguva yakakwana, uye Ishe vachitibatsira, uye tichaona.

¹⁴² Sekwese muMagwaro, kubva pakutanga kweMarudzi, zvichibva kuna Genesi chaiko, ndinogona kuratidza kuti Bhabhironi yakatanga muna Genesi uye inoguma muna Zvakazarurwa. Yakatanga kumashure uko naNimirodhi, mwanakomana waHamu, kubudikidza nekunamata zvipananidzo, kuunza zvipananidzo, kunamata zvipananidzo. Uye yakadzika zasi chaiko ichipfuura, uye, zvine nemanomano kwazvo mumazuva ekupedzisira kusvikira yatora zita reChikristu, uye, kuchingori, kunamata zvipananidzo!

¹⁴³ Ko Mutsvene Pauro mukuru, muna VaTesaronika Vechipiri, haana kutaura here? Ngatingoiverengai, tisati taenderera mberi. VaTesaronika Vechipiri, chitsauko chechipiri, uye onai zvakataurwa naPauro pano. Akatozviona muMweya, zvisati zvatombouya muzuva ratiri kurarama mariri.

¹⁴⁴ Zvinoka, ini zvangu, kuti zuva ratiri kurarama mariri, rima ratiri kurarama mariri, uye varume nemadzimai vachingotsvanzvadzira muno murima rechihedheni uye vasingatombozviziva. Zvinonzwisa tsitsi zvakadzi—zvakadzi! Kutu zuva iro...

¹⁴⁵ Pauro akati, “Zuva iroro harisi kuzosvika, kusati kwava nekuwa kutanga, uye murume wechivi azarurwa.” Zvino tarisai, anomutaura kuti murume. Ndizvo here? Pauro akati,

“Akanga ari murume wechivi, anozvipikisa pachake pamusoro pezvose zvinonzi Mwari, saizvozvo uyo anonamatwa saMwari.” Murume, anonamatwa saMwari; murume aizoiswa pano seimwe mhando yokunamata. Uye akati, “Zuva iroro haringauyi kunze kwekunge kwava nekuwa kutanga.” Chii ichocho? Chinhano chekuva nekakudziya chechechi. Zvakanaka.

¹⁴⁶ Teerera. Rega ndikuverengerei, kana muchida, VaTesaronika Vechipiri. Zvakanaka. Kana ndikakwanisa kuwana nzvimbo yacho chaiyo zvino, yekutangira, kuti tisazoverenga zvakananyisa. “Ngakurege kuva nemunhu anokunyengerai,” ndima 3, VaTesaronika Vechipiri, chitsauko 2.

Ngakurege kuva nomunhu anokunyengerai nomutoo upi noupi: nokuti zuva iroro haringasviki, kunze kwekunge kuwa kwatanga kuuya, (Zera reKereke yeRaodhikia zvino)...nomurume uya, (m-u-r-u-m-e, mumwe chete)...murume wechivi azarurwa, mwanakomana wokurasika; (panzvimbo, panzvimbo yeMwanakomana waMwari), mwanakomana wekurashika;

Iye anopikisa (iye pachake) uye anozvikudza pamusoro pezvose zvinonzi Mwari, zvokuti anonamatwa saMwari; kuti iye saMwari anogara mutemberi yaMwari, achizviratidza kuti ndiye Mwari. (Achigamuchira kureurura!)

¹⁴⁷ Usandiudza, shamwari yangu yechiKatorike! Sei, imi muchiti “munotenda muwanano imwe chete bedzi; chechi yechiKatorike inomira nemuchato mumwe.” Kana usina mari, zvakanaka. Asi regai ndikuudzei, imo muno muvanhu vekwangu chaivo; mumwe mudzimai wechidiki akagara ipo pano, amai vagere pano, nababa vacho, zvakare; nemumwe mudzimai pano ane mukomana mudiki uyu. Musikana uyu akaroorwa nemukomana wechiProtestanti; vakasiyana ndokubuda. Saka zvino, chinhu chekutanga munoziva, musikana uyu akanga ari kuzoorwa nemumwe mukomana wechiKatorike; uye akatoti abude kunobhadhara mari yakawanda, ndokudzoka, uye, “Akanga asina kuroorwa nemukomana wechiProtestanti uyu, pakutanga.” Heuno uyu Howard, vanhu vekwangu chaivo. . .

¹⁴⁸ Zvino, kumusoro kuno chaiko...Handisi kuzotaura zita racho. Ane—ane mwanasikana, uye mwanasikana uyu ane makore angangoita 26 okuberekwa. Murume wake, akamusiya zasi kuMilltown, akaenda kunoorwa nemurume wechiKatorike. Zvino vakati ivo, “Anofanira kubuda muchechi.” Saka vakabhadhara mari yakawanda, kuti vadzoke zvino “vozomushandura kuti ave mhandara zvakare,” vomuroodza zvakare kumurume uyu. Matakanana! Kumushandurazve kuti ave mhandara? Akaroorwa, pamberi paMwari, uye ari

kurarama muhupombwe. Ndizvozvo chaizvo. Iyoyo iZVANJI NAJEHOVHA, zvakare. Chokwadi.

¹⁴⁹ Zvinonyadzisa zvikuru! “Kubhadhara mari yakawanda kudaro.” Ndicho chikonzero machechi makuru aya nezvikoro zvakavakwa. Ndizvo zvacho. Pasi rose...Hamuzvizive, muno muUnited States. Munofanira kumbonditevera mhiri kwemakungwa, imwe nguva, uye muchazviona. Hongu, changamire. Endai ikoko, hama, kwavane chisimba.

¹⁵⁰ Ndinogona kukuunzirai mufananidzo, wechokwadi, Hama Kopp vakangoutora, ndokunditumira, wemuparidzi wechiProtestanti, muparidzi weMweya Mutsvene, arere mumugwagwa, afuta kuenda mudenga zvakada *kudai*, iye nemudzimai wake, nekasikana kadiki, vakanyatsofuta saizvozvo; nokuti vakaparidza Jesu Kristu, simba rerumuko, uye vanhu vachikwanisa kuponeswa nekugamuchira Mweya Mutsvene. Vakavapondera mumugwagwa, uye havana kuvatendera kuti vavigwe, ndokuvapfira mate, kwemazuva nemazuva. Ndizvozvo.

¹⁵¹ Iko kuya uko Hama Osborn vakatochengetedzwa, nevanhu vaive nepfuti, kuti vavabuditse. Vakaenda zasi ikoko, uye mumwe...rimwe boka revapisita rakaungana rikaponda murume wechidiki yu. Uye mudzimai wacho akanga achangobva kubereka mwana. Zvino vakafamba nemumugwagwa saizvozvo, vaine va—va—vaivaperekedza vachimuendesa kuguva, kunomuviga. Naamai ava vachifamba, nekacheche, vachichema, vari sure kwechitunha chemurume wavo. Zvino vanhu vakatarisa nepahwindo, vanhu vane mwoyo yakatendeseka, vakati, “Kana ariwo manzwiwo anoita chechi yeKatorike, tinoiramba.” Ndokuteverwa, nezviuru, vachidzika nemugwagwa. Hama Osborn vakava nerumutsiriro ikoko, kusvikira vakatadza kuvabudisa munyika. Kwaiva nevanhu vakawandisa. Ndizvozvo chaizvo.

¹⁵² Oo, hunyengeri ihwohwo! Ndinoziva kuti mufananidzo wakashata. Ingonyatsogarai henyu, shamwari dzechiKatorike, tichasvika pakukwiza kune rimwe divi, mumaminetsi mashoma. Zvakanaka. Cherechedzai.

¹⁵³ Zvino tave kuzodzika, cherechedzai, mberi zvishoma. Rega ndikutaurirei izvi. Pamwe ndinogona kuwana nguva, ndichine maminiti 30. Nyatsotaraisai. Zvino ngatidzokerei, muverengi wese, mundangariro mako, kwechinguvana, kuti tiwane mufananidzo wemupfungwa. Apo... .

¹⁵⁴ Mutendi wese weOrthodox pano anoziva kuti kutonga kweMarudzi kwakatanga naMambo Nebhukadhinezari. Ndizvo here? Mutendi wese weOrthodox anozviziva. Zvino Mambo Nebhukadhinezari akava nechiratidzo, uye Dhanieri ndokumupa dudziro yacho. Ndizvo here? Zvino wakanga uri musoro wendarama, uhwo hwaiva hweBhabhironi; hwechipiri

hwaiva hwevaMedhia nevaPeresia; hwakatevera hwaiva humambo hwechiGiriki; tevere Humambo hwechiRoma. Uye pakupera kweHumambo hwechiRoma, Jesu Kristu ndiye aiva Dombo rakavezwa kubva mugomo, pasina maoko, rakakungurukira mukati ndokuputsira pasi chimufananidzo ichi (ndizvo here?), ndokufukidza nyika. Chero ani zvake anozviziva. Chero mutendi upi anozviziva.

¹⁵⁵ Uye kuti, mumazuva ekupedzisira, pavakaparadzana kuva humambo hwakawanda hwakasiyana-siyana uhwu, nezvimwe zvakadaro, kuzvigunwe, kwaiva nedare nemunyakwe. Zvino zvinoreva kuti, muporofita akati, “Sekuona kwawaita kuti dare nemunyakwe hazvingasangani, kunyange uhwu haunamatirane.” Asi vachazosanganisa mbeu idzodzo, kuyedza . . . Nemamwe mashoko, vacharoodzana navo, vachiedza kukudza vana vavo nekudambura, kuitira masimba, saizvozvo. Uye munoziva kuti ichokwadi ichocho. Asi, zvasvika, pakubata, uye imi vanhu munobatirira pazviri, “Oo,” munoti, “zvinoshamisa.”

¹⁵⁶ Tarisai Stevenson uyu, chero zita rake zvaringava, kumusoro kuno. Zvino wake . . . kumusoro kuno. Zita rake ndiani? Ndangokanganwa chete . . . Muchinda ari kumusoro kuno, ari kusimudza bope rose iri kuno. [Ungano inotaura rimwe zita—Mupepeti] Ehe. Oo, ini zvangu!

¹⁵⁷ United States ino yawora kusvika pamwongo. Hongu, changamire. Ndinogona kukuratidzai nguva chaiyo iyo . . . Mudzimai uyu pano, kumashure muna Zvakazarurwa 12, apo . . . Mwanakomana wake akabvutwa kumusoro kuti agare paChigaro chehushe chaMwari, uye, pazvakadaro, mudzimai ndokutizira murenje, maakachengetedzwa kwemazuva 1,260, kusvika chaipo pazuva rePlymouth Rock, chaizvoizvo, uko chechi yakauya kuno kuzowana rusununguko rwekunamata, ndokudzika musasa kuno.

¹⁵⁸ Zvino tichaverenga tichidzika muchitsauko 13 chaZvakazarurwa pano, totarisa pano pandima 15. Uye, zvino, chimbomirai zvishoma, ndinoda kudzokera kumashure kweizvi, uye toona pano apa kuti Akanga akamira pano padivi pegungwa. Zvino kana ndikangowana nzvimbo yacho, apo, ndima 11.

Zvino ndakaona chimwe chikara chichikwira chichibva panyika; (kwete kubuda kubva—kubva mumvura) . . .

¹⁵⁹ “Kubva panyika.” Zvino, huwandu nemhomho yevanhu imvura, zvino apa ndipo pakanga pasina vanhu, United States.

. . . zvino chakanga chine nyanga 2 segwayana, . . .

¹⁶⁰ “Nyanga 2 segwayana,” kwete gwayana. Chii ichocho? Inyati yedu yekuAmerica. Chokwadi. Munoono, hechoka icho, “nyanga 2 segwayana.” Asizve chakazoitei? Chakanga chine

rusununguko rwekunamata, pakutanga; chakaita segwayana, chikataura segwayana. Asi, rangarirai, hachina kuzombova gondohwe rakwegura. Chakanga chiri gwayana. Nyika ino inongova namakore 150, munoziva, inongova gwayana.

. . . uye chikabva *chataura seshato*.

Zvino chakashandisa masimba ose *echikara chokutanga* chaiva *mberi pacho*, (shato tsvuku), uye chikakonzeresa vose vaive *panyika, vagera panyika, kuti vanamate. . . chikara, chiya* chakanga *chapora vanga* raifanira kuchiuraya. (Tarisai!)

Zvino—zvino chinoita *zviratidzo zvikuru*, zvokuti chinoita kuti *moto* uburuke kubva *kudenga. . .* (Bhomba reatomiki, nehydrogen; nyika yakangwara, yakatesva njere, nezvimwe zvakadaro, ichinyengera marudzi nezvinhu izvozvi.)

¹⁶¹ United States ino ichasvika panguva yekuti chechi nyenika zvichabatana pamwe chete. Uye maProtestanti nemaKatorike vachaisa zvinhu zvavo pamwe chete, kurwisa communism. Uye iri kunyatsotamba iri mumaoko ezvakataurwa naMwari pano chaipo.

¹⁶² Uye imi maProtestanti makarara uko, zvekufa nehope, muchiverenga magazini rengano dzerudo panzvimbo yeBhaibheri renyu! Muri kunze, muchitenderera kune imwe nzvimbo, kune imwewo mhando yepati, panzvimbo yekuva kumunamato pane imwe nzvimbo; muchikakavadzana pamusoro pezvinhu zvekare zvidiki zvisina basa *kana* nepadiki pose. [Hama Branham vanoridza minwe yavo—Mupepeti] Unofanira kunge wakapfugama pane imwe nzvimbo, kana uchiziva zvinoreva Ziyendanakuenda.

¹⁶³ Cherechedzai, apo, Mambo Nebhukadhinezari, pakutanga kumashure uko, apo zera reMarudzi rakapinzwa. Ngationei kuti rakapinda sei. Uye mapindiro arakaita, munozoona kuti rinobuda nenzira imwe cheteyo. Tinoziva kuti kune mavambo enguva yenyasha kuMarudzi, uye nekuguma kwenguva. Ndizvo here?

¹⁶⁴ Zvino tarisai, apo Mambo Nebhukadhinezari. . . Dhanieri paakatunwa zasi ikoko, muporofita akangwara, apo vamwe vaJudha vose vakanga vazvininipisa uye vakanga vachipfugamira kuvaRoma. . . kana kuti kuvaBhabhironi. Asi kwakanga kune 3, varume 4; 3 (Shadhireki, Misheki naAbhedhinego), naDhanieri, vakatsunga mumoyo mavo kuti vaizoshumira Mwari. Zvino pavakakandira Shadhireki, nevamwe vakadaro, mukati. . . Zvino Dhanieri akanga ava munhu mukuru, napamberi paMambo Nebhukadhinezari naBherishazari, nevamwe vakadaro. Paakava munhu mukuru, zvino tarisai, Mambo Nebhukadhinezari akagadzira

chimufananidzo chendarama akachimisa panzvimbo, uye akati munhu wose aizofanira kukotamira chimufananidzo ichocho.

¹⁶⁵ Makambocherechedza kuti zvinoita sezvisina mhosva zvakadii, kuti mufananidzo uyu wakagadzirwa uri waani? Aiva Dhanieri, mufananidzo wemunhu. Uye haana here kuti, “mweya yavamwari,” muhedheni? Uye sezvatiri nhasi, tine 3 kana 4 vavo. “Mweya yavamwari inogara maari,” zvino vakaita chimufananidzo chaDhanieri. Uye akati, “Vose vasingapfugamire chimufananidzo ichocho, vachakandwa movira remoto.” Cherechedzai, Dhanieri haapo ipapo panguva iyoyo. Muri kubata zvandiri kureva? “Uye ani naani aisapfugamire chimufananidzo ichocho anofanira kugurwa kuita zvidimbu-zvidimbu, kana kukandwa mugomba reshumba, kana kupiswa movira remoto, kana zvimwewo, murango.”

¹⁶⁶ Ndiwo matangiro akaita mwaka weMarudzi, neimwe mhando yakanamatiro kechitendero chechihedheni, nekutambudza kwekuvaita kuti vapfugamire kwachiri. Uye Bhaibheri rinofanotaura kuti zvichapera nenzira imwe chete, “Murume mutsvene,” Jesu Kristu; chimufananidzo chaKe, kuchinamata, nezvimwe zvakadaro.

¹⁶⁷ Rangarirai, mubhuku raFoxe revakafira chitendero, vaibata muchinjikwa pamberi pavo, vokusungirira nzombe paruoko rumwe norumwe saizvozvo, zvino vobva vati. . . Kana ukasaramba, kuramba chiProtestanti, wova muKatorike uye “wotsvoda muchinjikwa uyu.” Vaiita kuti nzombe imwe iende neimwe nzira, uye imwe neimwe nzira, vobva vavakwachura kuita zvidimbu. Vakavapisira pamatanda. Vakaita zvose. Ndakaendako kumakuva epasi ekare; ndinoziva zvandiri kutaura nezvazo. Uye, munooni, kuti, ndizvozvo. Zvino havoka vavete ikoko. Uye cherechedzai mafambiro avakaita nemumazuva iwayo ekufira chitendero Martin Luther asati avepo. Maererano neBhaibheri, zvakare.

¹⁶⁸ Zvino nyatsocherechedzai zvakare zvino. Zvino ndinoda kuti mucherechedze chinhu chikuru. Humambo ihwohwo hweBhabhironi hwakaparara sei? Humwe husiku pavakaendako vakanotora midziyo mitsvene yaMwari, ndokutanga kunwira waini mairi; vakatanga kuva nenguva huru, uye vakatora boka revakadzi kunze ikoko, varongo, zvino vakanga vachitamba uye vachifara nekuva nenguva huru. Ndizvo here? Panguva iyoyo pakava nechinyorwa chakauya pamadziro, “MENE, MENE, TEKERE, UFARSINI.” Ndizvo here? Zvino vakaenda ndokutora vaKaradhea vavo vose, varume vavo vakachenjera, nhengo dzechechi dzine kakudziya, uye hapana kana mumwe wavo agona kuzviverenga. Ndizvozvo.

¹⁶⁹ Asi vaive nemurume ipapo aikwanisa kuverenga ndimi dzisingazivikanwi, hareruya, aikwanisa kudzidudzira. Munooni

zvandiri kureva? Aikwanisa kududzira ndimi dzisingazivikanwi. Ndiwo mabudiro ahwakaita.

¹⁷⁰ Ndiwo mabudiro ahuri kuita zvino, nesimba reMweya Mutsvene pavanhu vakazadzwa nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, vane simba nezviratidzo nezvishamiso. Heyoka Chechi yeMarudzi. Havoka avo vakasara.

¹⁷¹ Ndiwo mapindiro ahwakaita, ndiwo mabudiro ahunoita, chaizvo, kupfugama nekumanikidzira chinamoto chiri pakati nepakati chechihedheni. Uye Mwari vachipindira munguva yakaoma uye vachinyora nendimi dzisingazivikanwi, uye murume uyu ndokudzidudzira. Aikwanisa kududzira. Akanga asingazive mutauro iwoyo; hapana mumwezve aiuziva. Asi aive neMweya Mutsvene mumwe chete, wakaita kuti adudzire izvozvo, ndiwo Mweya Mutsvene mumwe chetewo uri muChechi nhasi.

¹⁷² MunoUdana kuti “kupengereka.” Ndinobvuma kuti vane kwakawanda kwako. Asi, hama, pane wechokwadi ipapo, zvakare. Ndizvozvo, wechokwadi ipapo, zvakare. Dhiyabhore anokanda zvenhema zvose zvaanogona, munzira chaimo, kuti akuvhiringe mafungiro. Uye kana usingachafunge nezvaMwari zvokuti ugare pasi woverenga Bhaibheri rako, wonamata nekukumbira Mwari, zvino zvinoratidza kuti hauna basa zvakanjanya nemweya wako.

¹⁷³ Famba kunze ikoko woti, “Mwari, handina basa kuti zvikwezva makunguwo zvingani zvaMakaisa kunze uko. Ndiri kuona Bhaibheri reNyu richizviture, zvino ndatsunga moyo!” Ndizvozvo. “Makazvivimbisa kwandiri, ini mbeu yaAbrahama.”

¹⁷⁴ Mwari vakakudana, uchauya kwaZviri; asi kana usina, handina basa kuti unonamata zvakadii, wakatoparara; ndizvo zvoga, haugone kuuya. Hapana munhu anogona, kunze kwekunge iVo vakudana. Uye haVadi kuti chero ani zvake aparare, asi vazhinji venyu muchaparara nokuti hamuna hanya naZvo.

¹⁷⁵ Uye munotenderera moona chimwe chinhu chinotaridzika sekuti pengerekei, chisinganyatsonzwisika, “Zvino, Chiremba *Nhingi-nhingi* vakataura *zvakati-zvakati*, nezvimwe zvakadaro.” Wobva wafamba uchinhura Mweya Mutsvene, unoziva kuti ndizvozvo, uye hazvizombofa zvakaregererwa.

¹⁷⁶ Uchazoono mumaminetsi mashoma kuti munembo wadhiyabhore chii, kuti—kuti chisimbiso chadhiyabhore chii, munembo wechikara. “Ani naani anotaura achipikisa Mweya Mutsvene, haazomboregererwa, munyika ino, kana munyika inouya.” Tarisai chechi iya yepakutanga, zvavakaita. Tarisai, pamusoro pechechi iyi, yechipiri! Unogona kuzvisimbisira pachako kunze kweHumambo hwaMwari, uchinopinda muna dhiyabhore; kunze uko “kusina kuregererwa, munyika ino, kana

kune inouya.” Chokwadi. Saka, chenjera, famba neruremekedzo. Chenjerera zvaunoita, nekuti hauzive zvichazoitika.

177 Zvino, tinoona zvose izvi zvino zvichiungana. Ndine maminiti 20. Ndinoda kuti muvhure neni kuchitsauko 17, Zvakazarurwa, togopedza munguva shoma. Zvino tava kurovera kuenda. Nyatsoteererai. Verengai pamwe neni. Vhurai Bhaibheri renyu mogadzirira kuverenga. Izvi zvinofanira kuzvisimbisa.

178 Rangarirai, pane micherechedzo 2; mumwe ndewekutsauka, mumwe wacho Mweya Mutsvene. Mumwe wacho mucherechedzo wadhiyabhore.

179 Rangarirai, ndataura izvi, kuti kereke yeKatorike yekutanga...Zvino, vanhu vechiKatorike, garai muine kuremekedza kwemaminetsi mashoma. Kereke yekutanga yeKatorike vakagadzira maonero avo pamusoro pechinhu ichi. Vaive nedzidziso yenhema, yeyukaristi tsvene, yekutora kahwendefa panzvimbo yerubhabhatidzo rweMweya.

180 MaProtestanti vanatora kukwazisana maoko, kana kuita chitsidzo; vose zvavo vari vaviri vari kukanganisa, maringe neShoko raMwari. *Iyi* ndiyo purani yacho. Vanouya vobhabhatidza, “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene,” pasina kana nguva imwe chete yakambobhabhatidzwa chero munhu nenzira iyoyo; rwunotova harwo rubhabhatidzo rwechihedheni, rwechiKatorike. Uye vano zvibvuma, zvino voti, “Imi maProtestanti munogwadamira rubhabhatidzo rwehu.”

Ndakati, “Munozviitirei?”

181 Akati, “Chechi yechiKatorike ine simba rekushandura chero Gwaro ravanoda.”

Ndikati, “Idzodzo inhema.”

Akati, “Munogwadamirei kwarwuri zvino?”

182 Ah, mobva manyarara. Kwete ini! Handitende marwuri. Iri ndiro Shoko raMwari. Ndizvozvo. Kana vanhu vachida kutevera, vanofanira kuenda voga. Ndinofanira kutaura Chokwadi. Ndizvozvo.

183 Cherechedzai, zvino vakabuda nezvimwe zvose izvi, chechi, vojoinha katekazi yayo yekare nezvimwe zvinhu zvose ipapo. Matutu ematakanana uye nezvisina maturo chaizvo! Uye zvakabuditsa mabhiri yoni evasingatendi, uye vetsika vakatonhora... .

184 Ndezvadhiyabhore, pakutanga kwacho. Uye ndinogona kukuratidzai kuti Bhaibheri rakati pano, “Nyika yose yakashamiswa nesimba rechikara ichi; chaivapo, chisipo, asi chiripo.” Zvingave sei, “chaivapo, uye chisipo”? Akati, “Nyika yese yakashamiswa nacho.”

¹⁸⁵ Roma yechihedheni payakava Roma yaana papa, haina kumboperera ipapo. Hurongwa hwechiRoma hwakaguma; pakapinda mambo mutsva, akangoisa hurongwa hutsva. Asi pavakapinda muRoma yechihedheni, kubudikidza nekereke yeKatorike, kubudikidza nehupapa, haimbofa yakaguma. Kana mumwe papa akafa, vanogadza mumwe; mumwe papa akafa, vanogadza mumwezve. “Chikara chaivapo, chisisipo, zvakadaro chiripo; chisisipo, asi chiripo; icho... uye chichaenda mukuparadzwa.” ZVANZI NEMWEYA MUTSVENE, kubudikidza neMagwaro.

¹⁸⁶ Zvino, teererai. “Zvino kwakauya mumwe...” Imi mose tarisai zvino, chitsauko 17.

*Zvino mumwe wavatumwa 7 vakanga vane ndiro
7 akauya kwandiri, (ndidzo ndiro dzekupedzisira,
dzakadururwa), uye akataura neni, achiti... Uya pano;
zvino ndichakuratidza...kutongwa kwemhombwe
huru inogara pamusoro pemvura zhinji:*

¹⁸⁷ Tarisai Zvakazarurwa 12. Akanga ari mukadzi mhandara. Aive mudzimai kwaye chaiye. Akamira aine runako chaizvo!

¹⁸⁸ Asi heunoi mumwe anonzi pfambi, “c-h-i-p-f-e-v-e,” zvinoreva kusa...Chii ichocho? Ngatiyemurei izvi...kana kuti kuzviongorora.

¹⁸⁹ Ndiregerereiwo. Ndiri kumhanyisa; ndiri kufunga kuti ndine maminiti 15. Ndichagara imwe awa zvino, saka ingorambai makanyarara. [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti]

¹⁹⁰ Tarisai. Zvakanaka. Tarisai, ngatizviongororei. Mukadzi asina hunhu. Chipfeve chii? Ndinovenga kududza shoko iri, asi rakanyorwa muno muBhaibheri. Mukadzi anozviti mudzimai akanaka, zvino oita hupombwe nevamwe varume. Zvino, kana mudzimai achimiririra chechi, zvino ichechi inozviti ndeyeChikristu, uye yoita hupombwe nezvimwe zvinhu. Ndizvo here?

¹⁹¹ “Uye agere pamusoro pemvura zhinji; huwandu nemhomho yevanhu.” Verengai...ingangoita vhesi 15 uye muchazviona, munoono. Kana kuti, yechi 17, neche ipapo. Tichasvika kwairi muchinguvana. “Mukadzi agere pamusoro pemvura zhinji; chipfeve ichi.” Paita chinhu chaicho apa! Zvino dai taiva nemazuva nemazuva, ndaigona kutora mukadzi uyu ndomuronda kubva kuna Kaini kusvika paKuuya kwaIshe Jesu, ndokuratidzai kuti ndiye akatanga kuita chechi sangano. Ndiye amai vemasangano. Tarisai, “Nomukadzi akanga agere pamusoro pemvura zhinji. Pamusoro, agere pamusoro pemvura zhinji.”

Zvino vhesi 2.

...iyo (m-a-d-z-i-m-a-m-b-o) *madzimambo enyika akaita upombwe nayo, uye navanogara panyika vakabatwa newaini youpombwe hwayo.*

192 Nemamwe mashoko, iri kuzviti ichechi yeChikristu; yepamusoro, ine runako. Tarisai kuti yakapfeka sei, mumaminetsi mashoma, ine maparera nendarama nematombo. Vanoti, “Ndiani akafanana nayo?”

193 Zvino yakanga ine mukombe muruoko rwayo, uzere ne “waini yehupfeve hwayo,” tsvina yayo, dzidziso yayo yayaikonzera madzimambo, oo, kungoita munamoto mudiki uye “kukunamatira kuti ubude mupurigatorio,” nezvinhu zvose izvi. Ndizvozvo. Hezvoka izvo. IShoko raMwari randiri kuverenga. Tarisai, “Saka akanditakura akaenda neni mune...” Zvino ngationei, uye akagadzira waini...Ndizvozvo, ndima 3 zvino. Zvakanaka.

Zvino akanditakura kuenda *kurenje mumweya: ndikaona mukadzi akagara pane chitsvuku ruva-... chikara,...* (“Chitsvuku,” chechi yakapfuma, yakapfumisa pasi rose.)

194 Vanodanidzira pano kuti, “Ndiani angaite hondo naye?” Kune murume mumwe chete munyika, murume mumwe chete munyika, pasi rose, ane simba sezvakananga zvakaita chiratidzo chaMambo Nebhukadhinezari. Zvignwe 10 izvozvo zvinobuda zvichinopinda mune imwe neimwe...Hunhu ihwohwo hwesimbi yechiRoma huri munyika imwe neimwe pasi rose. Hakuna mumwe munhu munyika anotaura zvine chisimba sapapa weRoma. Purezidhendi Eisenhower vanogona kutaura muUnited States, wogova murawo; asi kune dzimwe nyika dzavanogona kutaura madziri, uye zvogoshaya basa. Asi hutungamiri hwechiKatorike hunogona kutaura muRoma, zvino nyika yese inodanidzira kwazviri. Ndizvozvo. Hoyoka uyo. Zvino tichaona kuti ari kupi, uye toona kana ari iye kana kuti kwete, toona kana ari kufananidzirwa chaizvo pano. Zvakanaka.

...*ndikaona mukadzi agere pachikara chitsvuku, (akapfuma), chizere namazita okumhura,...*

195 Rubhabhatidzo rwenhema; hupfumi hwenhema; achitungamirira vanhu nehupofu, achivaudza kuti vanogona kungouya kuchechi, vongoreurura, nezvimwe zvakadaro, voita “Kaziwa Maria,” voita zvirango zvekutendeuka. Kusaziva! Hazvina kana maturo! Handione kuti vanhu, vane pfungwa dzakakwana, kuti vangatenda sei zvinhu zvakadaro.

...*chine misoro 7...*

196 Hezvoka izvo zvakare, dhimoni iri rimwe chete riripo, shato tsvuku, chikara nezvose, chine “misoro 7; nyanga 10.”

¹⁹⁷ “Uye mudzimai,” mudzimai, zvino, chechi. Zvino, *chikara* ndicho “simba” rayaiva naro, chechi yeRoma Katorike, asi simba reRoma Katorike. Asi, heino chechi ichitaura zvino.

Zvino *mukadzi akanga akapfeka* ruvara rwepepuro uye rwutsvuku, uye *akashonga ndarama namabwe anokosha* namaparera, aine mukombe *wendarama muruoko rwake makanga muzere* zvinonyangadza *netsvina youpombwe hwake*:

¹⁹⁸ Hapoka paari; ndeimwe chechi, munoziva. Handizvo here? Inofanira kuvapo; iri kuratidzwa. Ingorambai muchiverenga muchidzika uye tichaona kuti ndiani.

Nepamusoro wake *pakanga* pakanyorwa zita, **BHABHIRONI GURU, RAKAVANZIKA, MAI VEMHOMBWE, CHINYANGADZO CHENYIKA.**

¹⁹⁹ Zvakanaka, maProtestanti, hepano pamunobatirwa. Munobvuma kuti ipfambi, asi aiva “AMAI” (vechii, vevanakomana?) “MHOMBWE.” Ava *vakadzi*, ndizvo here? Aya *machechi* zvino, ndizvo here? Ndiye chechi huru zvino, handizvo here? Martin Luther akabva kupi? Chikatorike. Ose aya akabva kupi? Chikatorike, vachiunza dzidziso yavo imwe chete, uye imi munogwadama kwairi.

²⁰⁰ Zvino, mudzimai akaipisisa muJeffersonville anogona kubereka musikana akanaka, wechokwadi, mhandara, ndizvozvo, uye anogona kufamba zvakarurama kana achida. Ndizvo zvakaitawo chechi yeLutherani, yeMethodisti, Baptisti, nePresbyteriani, nemamwe akadaro; vakafamba zvakarurama kwechinguva, apo vavo—apo vavambi vavo pavaivepo vachiparidza Evhangeri kwavari. Asi zvino vanoenda kumitambo, madhanzi, terevhizheni, kuputa, kuita zvimwe zvese, (munoziva kuti ichokwadi!), vogara kumba nemusi weSvondo. Chii ichocho? Nokuti mhombwe yako iri kuita saamai yavo. Ndizvozvo chaizvo. Ndizvozvo chaizvo.

²⁰¹ Zvino ngationei kuti ruvara rwuri pai. Bhaibheri rakati akanga ari “AMAI VEMHOMBWE.” Uye munhu wose anoziva kuti yaiva Roma yechihedheni, kana kuti Mai Roma yanapapa, chechi yeKatorike. Munguva shoma, ndichakuratidzai, ndoyiisa panzvimbo yayo chaiyo panyika, chaipo pachopainenge igere. Ndizvozvo. Pairi uye kuti ndiani, Bhaibheri rakataura kudaro. Kwete ini; Bhaibheri! Uye rakataura kuti yakabereka vanasikana machechi mazhinji mushure mayo. Zvakanaka, zvino, Methodisti, neBaptisti, neLutherani, nemamwe akadaro, unoona kwaunosvika, “AMAI VEMHOMBWE.” Vakararama zvakanaka, asi Chiedza pachakatanga kuvheneka . . .

²⁰² Zvakafanana negurusvusvi remapete munguva yezhizha. Batidza mwenje, munzira mune bete riri kudya pamuguri wekare wechibage kana chimwewo chinhu chakadaro, uye

wobatidza mwenje zvino uchaona achimhanya kunohwanda nesimba rawo rose.

²⁰³ Ukaparidza Evhangeri, kana rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, kune makereke mazhinji ekare etsika aya, asina humwari; zvino woatarisa, “Hatitendi mune chinhu chakadaro. Handitendi mune...” Sei? Unoziva zvauri, pamavambo. Ndizvozvo. Ndizvozvo chaizvo.

²⁰⁴ Handisi kutaura chinhu chinopesana nechechi yenyu; hama, mune vanhu imomo vari mabwe anokosha. Handisi kutaura chinhu ndichipesana nevanhu vechiKatorike. Ndinoda vanhu vechiKatorike sekungodawo kwandinoita vanhu veBranham Tabhenakeri. Hausi iwe, shamwari, wandiri kuedza kupopotera. Hamusi imi, maMethodisti neBaptisti, neBranham Tabhenakeri. Hamusi imi vandiri kupopotera. Chivi chamuri kurega dhiyahore achiisa pamusoro penyu! Nekuda kwekungoti unonda kuchechi, unofunga kuti wakaponeswa.

Jesu akati, “Kunze kwekunge munhu aberekwa nemvura neMweya, haangatongopindi muHumambo.” Uye kana wagamuchira rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda.” Izvi zvanyatsobva pamoyo chaipo, hama. Kana kuti, kwete kubva pamoyo, zvanyatsobva muBhaibheri chaimo. Jesu haana kumboti, “Pamwe zviratidzo izvi zvichatevera vamwe.” Akati, “Zvichatovatevera.”

Oo, vanoti ivo, “Zvino, ndinotenda kuti izvi zvaiva zvevaapostora. Ndinotenda kuti panongova neboka rimwe chete revaapostora, uye kwaiva kumashure uko pamavambo.”

²⁰⁵ Uye chidzidzo chataiva nacho manheru apfuura, “Akanga aine nyeredzi 7 muruoko rwaKe,” uye nyeredzi imwe neimwe yaizopihwa kuzera rekereke rimwe nerimwe kuve Chiedza, ndizvo; zvakangofanana nekuti pane muapostora apo, pane muapostora apo, nemuapostora apo, nemuapostora apo; “yaiva Mweya 7,” pakutanga kwechidzidzo chedu, “imire pamberi paMwari, kuti itumirwe kuMazera Manomwe eKereke.”

²⁰⁶ Oo, hama, unogona kufamba neimwe dzidziso diki yeBaptisti kana Methodisti, wogobudirira nayo; asi iwe itarise, pamberi peBhaibheri, kamwe chete. Ndizvozvo chaizvo. Amen. Ndiri kunzwa sekuva nemanyukunyuku ekunamata iko zvino. Amen. Hongu, changamire. Honai. Hama, hezvoka izvo. Riri kukuya; asi chero kurohwa kupi zvako, hakukuite kuti uve wakanaka . . .

²⁰⁷ Amai, vakagara kumashure uko, vaisimbondiita kuti nditore mafuta epfuta. Taiva vana vaduku. Taidya chimodho nebhinzi, mazuva ese muvhiki, neSvondo, zvakare. Zvisinei hazvo, ndaifanira kutozonwa mishonga yakawanda. Mugovera manheru, vaigara vachindiita kuti ndinwe mafuta epfuta. Zvino Mugovera manheru ndaibata mhuno yangu, sezvizi, handisi

kuzvitaure senyambo. Ndaibata mhuno yangu, ndobva ndati, “Amai, handigone kuanwa. Anondirwarisa.”

Vaiti, “Kana akasakurwarisa, hapana zvaanokubatsira.”

²⁰⁸ Ndizvo zvimwe chete *neu Yu*. Kukumutsiridza! Unoita kuti nhengo dzemuviri wako—wako dzinogaya chikafu dzishande zvakanaka, kuitira kuti unyatsogaya Evhangeri rizere.

²⁰⁹ MaLutherani akauya nekururamiswa. Handiti, vainge vakango. . . Vakaiita sangano yose zvayo, “Hongu, changamire, ndisu chechi yacho!”

²¹⁰ John Wesley akaona kucheneswa. Akati, “Ndinoona kuti zvakasiyana.” Zvino akati, “Zvakanaka, Luther, asi izvi ndizvo chaizvo.” Aiva chii? Luther aive nyeredzi yezera rake, asi heuno Wesley. Zvakanaka.

²¹¹ Zvino, ndokubva, maLutherani ose ashaya basa, nokuti vakakanganwa. . .havana. . .Zvino, kwete vese ma. . . Ndinoreva chechi yeLutherani. MaLutherani achine varume vakanaka, vakazadzwa neMweya Mutsvene. Ndizvozvo. Asi zvino vose vakadzokera shure pachechi, muzera iro. . . Zvakanaka.

Hoyo Wesley ndokuuya. Akavatora nemuzera rake.

²¹² Zvino, chinhu chekutanga munoziva, kwakauya. . . Mushure mezera raWesley, kwakauya maPentekosti. Zvino vakagamuchira Mweya Mutsvene, vachitaura nendimi.

²¹³ Ini zvangu, maMethodisti, nemaNazarene, neHoliness, vanoti, “Oo, ndidhiyabhore.” Uye munooona zvamakaita? Makamhura Mweya Mutsvene. Zvino munooona here pamuri nhasi? Ndizvozvo. Imi, ndizvo chaizvo zvamakaita. Chokwadi, makadaro. Uye makatadza kufamba muChiedza.

²¹⁴ Uye zvino imi maPentekosti masvika pakungova nekakudziya, Zera rino reChechi yeRaodhikia, kusvikira Mwari vari kukusvipai kubva mumuromo maVo. Ndizvozvo. Ndizvozvo chaizvo.

²¹⁵ Munoti, “Munotenda mukutaura nendimi here?” Hongu, changamire. “Makambotaura nendimi here?” Hongu, changamire. Ndinorumbidza Mwari nokuda kwako. Hongu, changamire. Ndakataura nendimi, kakawanda. Uye ndinotenda kuti iSimba raMwari. Hongu. Handitendi mukuva sechiratidzo chekutanga, zvino, kuti kutaura nendimi. Asi ndinotenda kuti kune Simba raMwari rinoita kuti utaure nendimi, zviratidzo nezvishamiso zvichitevera. Hongu, changamire.

²¹⁶ Zvino dhiyabhore akaisa dukununu kumusoro uko, mumwe munhu aiita dambe nokuita sokunge ane Mweya Mutsvene. Uye imi maPilgrim Holiness mose, neHoliness, nemaNazarene, nemi mose, makatarisa kumashure mukati, “Ooo, handidi chimwe cheIzvozvo. Ooo!”

217 Oo, nhai veduwee! Dai waiva neMweya Mutsvene, kana chikamu chaMwari pakadzika mumoyo mako, wakacheneswa sezvawaifanira kuva, ungadai wakacherechedza kuti iSimba raMwari. Ko Jesu haana here kuti, “Dai maiziva Mosesi, mungadai makaNdizivawo zvakare”? Chokwadi. Kana kucheneswa kuri chikamu cheMweya Mutsvene wakakusuka nekukuchenesa; kana unaWo, uchacherechedza zvimwe zvaWo zvese kana Wauya.

218 Ruoko *urwu* rwunocherechedza ruoko *urwu*. Musoro *uyu* unocherechedza tsoka *iyi*. Chikamu chemutumbi.

219 Uye Bhaibheri rakati kune zvipo 9 zvemweya; vaporofita, vadzidzisi, vavhangeri, uye puro-...vamwe vakadaro; ne—nekududzirwa kwendimi, kutaura nendimi, kupodza kwaMwari. Unocherechedza chikamu chose chaWo.

220 Oo, wakaoma nechando, “Handidi chekuita nezvaWo.” Fiyuu! Pave kudziya pano, handizvo here? Ndicho chokwadi. Sei? Sei? Makaita sangano. Chechi yenyu yakataura kudaro, uye ndicho chikonzero makatadza kuzviita.

221 Asi vazhinji venyu imi maMethodisti makabuda mukagamuchira Mweya Mutsvene. Vazhinji venyu imi maBaptisti makabuda mukagamuchira Mweya Mutsvene. Hongu, changamire. Imi, nevazhinji venyu imi maHoliness makabuda mukagamuchira Mweya Mutsvene. Hongu. Sei? Makanga musina basa nezvaitaurwa nechechi. Makafamba muChiedza. Amen. Makanga musina hanya nokuti chii chaizoitika. Maiziva kuti zvaiva zvaShe, uye makangofamba maZviri.

222 Regai chembere—regai chembere igare kumashure uko, amai vavo vachembera. Ari kuita saamai vake kumashure uko, mhombwe. Akaita sangano. Ndiwo mavambo chaiwo ekutanga kwedambudziko, apo chechi yeKatorike yakaita sangano. Zvino chechi yeLutherani yakaita sangano shure kwayo. Ndokubva chechi yeMethodisti yaita sangano shure kwayo. Chechi yeBaptisti ikabva yaitawo sangano. Uye zvino kune masangano 696 akasiyana. Uye Pentekosti yakaitawo zvimwe chete!

223 Girori! Dambudziko racho chii? Mwari vari kuratidza kuti haVasi musangano. Vari muMweya, Mweya Mutsvene. Hareruya! Hareruya! Hongu, changamire.

224 Havana basa nezviri sangano rako. Harina maturo. Rakabatanidzwa nechikatorike uye rakadzokera machiri, ndokugara machiri, uye unogamuchira munembo mumwe chete wachiri. Ko ngirozi haina here kuti, “Budai kubva maari, vanhu vaNgu, uye musava vagoverani vezvivi zvake, zvino Ndichakugamuchirai”? “Musabata zvinhu zvake zvisina kuchena, uye Ndichakugamuchirai,” Mweya Mutsvene uchitaura.

225 “Zvino ani naani anatora munembo wechikara, kana vara rezita racho.” Ndinoshuva kuti dai taiva nenguva yekupinda mazviri; nguva yangu yakwana. Vara rezita racho chii? ChiProtestanti. “Ngatiitei mufananidzo wakafanana nacho. Ngatiitei sangano. Chechi yedu yakangokura sekereke yeKatorike.” Vakatora zvinhu zvose izvi. “Vaiva nemachechi makuru, uye nesuwo tinawo, zvakare. Tinongova nevepamusoro vakawanda vemuguta, muchechi yedu, sezvavakaita mune avo. Ngatigadzirei mufananidzo wechikara.” Uye zvakataurwa neBhaibheri, kuti iye “CHIPFEVE,” zvino ndiyo “MHOMBWE,” kubudikidza nesangano.

226 Asi Chechi yaMwari mupenyu yakasununguka. “Uyo asunungurwa neMwanakomana akasununguka zvachose.” Budai kubva mazviri! Zadzwai neMweya waMwari.

Marudzi ari kupamuka, Israeri iri kupepuka,
Zviratidzo izvo Bhaibheri rakafanotaura;
Mazuva eMarudzi ave kupera, azere nekutyisa;
“Dzokai, O vakapararira, kune yekwenyu.”

Zuva rerudzikinuro rave pedyo,
Moyo yeparume iri kukundika nekutya;
Zadzwai neMweya waMwari, mwenje yenyu
yakagadziriswa uye yakajeka,
Tarisai kumusoro! Rudzikinuro rwenyu rwave
pedyo. (Ameni.)

227 Mafambiro ari kuita zvinhu! Akati, mumazuva ekupedzisira, “Musatya, imi boka duku. Kuda kwaBaba venyu kwakanaka kuti vakupei Humambo,” tichigara pamwe chete munzvimbo dzeKumatenga.

228 Uye imi Methodisti, Baptisti, Presbyteriani, makaseka Pentekosti. . .

229 Uye, ndinoti, Pentekosti inoda kuwatsurwa chaiko neEvhangeri yechinyakare, nokuti vakaita sangano. Assemblies of God chaiyo yakapinda mukuva Pentekosti hu—hurusa kudarika dzose, yajoinha mubatanidzwa wemachechi, ichingova yetsika uye isina kana hanyn’a. Uye kubatwa kwakaipisisa kweMweya Mutsvene kwandati ndamboona kuchiitwa, potse, kwakaitwa nevaparidzi vePentekosti. Saka usafunge, nokuti uri wechechi yePentekosti, wakaponeswa.

230 Unoponeswa chete kana wabhabhatidzwa zvechokwadi neMweya waMwari, neMweya Mutsvene, kubatanidzwa naYe muSimba rerumuko kwaKe, uchifambira mberi nezviratidzo nezvishamiso, uchitevera Mweya iwoyo chero kupi kwaUnoenda. Zviratidzo zvakatevera vaporofita. Zviratidzo zvakatevera Jesu Kristu. Zviratidzo zvakatevera vaapostora. Akati, “Zviratidzo izvi zvichavatevera,” kusvikira Adzoka zvakare.

“Ndizvo zvaRakataura here, Hama Branham?”

231 “Endai munyika yose, muparidze Simba iri nekuratidza munyika dzose.” Uye haisati yasvika kuzvikamu 2 kubva mu 3 zvayo, nazvino, hazvisati zvamboRinzwa. “Uye zviratidzo izvi zvichavatevera.” “Avo!” “Nyika dzose zvadzo!”

232 Girori! Fiyuu! Oo, ini zvangu! Pamwe mungafunga kuti ndinopenga. Hama, ndinokuudzai, ndinoda chinamoto chakanaka ichi chenguva yekare. Hongu, changamire, chinokurovera hoko muna Kristu!

233 Zvino munoona kuti munembo wechikara chii? Mucherechedzo wekutsauka. Munhu ari...anongofunga, kuti, “Asika, ndiri wechechi, uye ndiri munhu akangonaka sezviri mumwe munhu ari padivi. Handisi wechechi iyi here?” Uye munocherechedza here, kuti sangano rechechi yenyu ramuri kuvimba naro, rakabva kupi? Munocherechedza here?

234 Bhaibheri rakati, “Uyo anonamata chikara, anogamuchira munembo wacho, kana vara rezita racho,” zvino tarisai, “pahuma kana ruoko,” ndiko *kuziva* kana *kuita*. Hazvireve kuti une chinyorwa chikuru pachiso chako. Hazvifanirwe kunge zvakadaro. Hazvisi kutaura nezvekuze. Zviri kutaura zvemweya.

235 Uye mutarisei muone zvaanzvira pamusoro peMagwaro. Muteerereri muone kwaanoenda. “Kana chero munhu upi asina Dzidziso iyi, hamuna Chiedza maari,” Bhaibheri rakadaro. Maona? Maona? Tarisai kwaanoenda. Tarisai zvaanoita.

236 Anoti, “Zvinoka, ini—ini ndiri weko. Ndiri muProtestanti. Hongu, changamire. Ndi—ndiri weimwe chechi *iyi*. Hongu, changamire.” Uye neSvondo unongova neruremekedzo rwakada kukwana rwazvo rwekuuya uchipinda uchibva mumvura iri kunaya. Anodzikako, pane kuti aende kumusanganano wemunamato, munovhara chechi, munogara henyu muchiona terevhizheni. Anobuda kunze uku uye ononwa nekuenderera, uye oita sezvinoita nyika yose, asi zvakadaro ari nhengo yechechi. Rangarirai, ndiwo mucherechedzo wechivi iwoyo.

237 Zvino ngativerengei mberi zvisvishoma, nokukurumidza, ndobva ndazovhara. Tapfuurira nguva. Ngativerengei zvino ndima 6.

Zvino ndakaona mukadzi (kereke) akadhakwa neropa ravatsvene, . . .

238 “Akadhakwa neropa revatsvene.” Munoziva, Bhaibheri rakati, paakaparadzwa, kuti munhu wose akafa, panyika, mhosva yacho yakawanikwa mukereke yeKatorike. Ndizvozvo, pakutanga.

. . . uye neropa rezvapupu zvaJesu: uye . . . (Johane achitaura zvino) . . . zvino ndakati ndichimuona, ndakashamiswa nokuyemura kukuru.

239 Johane akati! Zvino ngatitarisei pano. Johane akati, “Ndakamutarisa; akanga aine runako chaizvo, chechi huru inoyevedza. Akanga aine boka rose remachechi akaberekwa kubva maari, ‘amai vemhombwe.’ Zvino ndakatarisa kumashure uko, zvino mudzimai aigona sei...Akanga achipa dzidziso yenhema iya, achiita kuti madzimambo ose navakuru vose vadhakwe nayo. Uye hepano vanasikana vake vari kuita zvimwe chetezvo. Asi, ndakamutarisa; akanga aine runako chaizvo!”

240 Imwe nzvimbo muMagwaro yakati, “Ndigere samambokadzi uye handina chandinoshaya.” Maona?

241 Uyezve iye, Johane, akati, “Ndakamuyemura. Ndakamutarisa, ndikatarisa nekuyemura kukuru. Ndakamuyemura.”

Zvino mutumwa akati kwandiri, Washamiswa neiko? Ndichakuudza...Ndichakuudza chakavanzika chomukadzi, ne...chikara chinomutakura, chine... misoro 7 nenyanga 10.

242 Zvino ngationei kana zvatanga tiri kutaura kana zvanga zviri izvo. Kana tanyatsobata Chikatorike chaizvo, saka munobva maziva kuti chiProtestanti chiri kuchitevera. Saka mune...Imi, mune njere dzakakwana dzekuti muzive izvozvo, munoono. Tarisai.

Chikara chawaona chaivapo,...hachisisipo; uye chiripo...

243 “Chikara.” Zvino tarisai. Zvino muchacherechedza neche pano apa, rakataura kuti paiva nemadzimambo mangani; kuti akawa sei, mumwe anofanira kuuya.

...uye chichakwira chichibva mugomba risina hwaro,...

244 Kwete muBhaibheri! Kubva muboka rekutenda zvemweya-mweya chakagadzirwa. Hapana nhoroono yacho. Munowana “purigatorio” papi? Munozviwanepi izvi “zvekusadya nyama,” uye “muprista asingaroori,” nezvimwe zvinhu zvose izvi zvanonaita, “zvekureurura”? Munozviwanepi izvozvo? Hapana kwamunozviwana. Zvakabva mugehena. Bhaibheri rakataura kudaro. Chakabuda, chikara, simba, dzidziso yachaive nacho, “Chakabuda mugomba risina hwaro.”

...uye chinoenda kundoparadzwa:...

245 Ko “kuparadzwa” kuri kupi? Gehena. Chinodzokera kunzvimbo yachakabva.

...uye vanogara panyika vachashamiswa, vasina kunyorwa mazita avo mubhuku...kubva pakusikwa kwenyika, pavakaona chikara chaivapo,...chisisipo, uye chiripo.

246 Zvino, machechi echiProtestanti anoti, “Zvinoka, zvingave sei, kana vachiti, ‘Ndinotenda Jesu Kristu. Ndiye Muponesi wangu pachangu?’” Dhiyahore anotendawo, zvakare, hama.

247 Kunofanirwa kunge kuri kuvandudzwa, Kuberekwa patsva, kuzvarwa patsva. Uye kana wazvarwa patsva, zita rako rinoiswa muBhuku reHupenyu reGwayana.

248 Unoti, “Ndinowanzoshaya kuziva. Zvinoka, chii, handina here kunaka sezvinongova munhu wese? Handina here kungonaka seboka renyu imi mipengo yevaumburuki vatsvene? Ndakangotesvawo njere. Ndakavapinza mune...Ndine madhigirii. Ndakabva kukoreji. Ndinobva kumhuri yakanaka. Vanhu vekwangu vaive nhengo dzechechi, ini ndisati ndavepo. Handina kungonaka semi here?”

249 Rakati, “Pasi rose,” maProtestanti nevamwe vese, “vakashamisika,” vose kunze kweavo vane mazita ainge akanyorwa muBhuku.

250 Sei mazita akanyorwa? Ndivo Mbeu yaAbrahama, “uye vari vadyi venhaka maringe nevimbiso, vakasanangurwa nyika isati yavambwa.” Ndiko kusaka vasingashamisike. Cherechedzai pano, zvino tarisai zvaakataura. Tarisai ava vari muBhuku reHupenyu reGwayana.

Zvino heino pfungwa ine *huchenjeri*.

251 Zvino ndinoda kukubvunzai chimwe chinhu. Huchenjeri ndechimwe here chezvipo zveMweya Mutsvene? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Ndizvo here? Vangani vanotenda kuti Bhaibheri, VaKorinde Vokutanga 12, inodzidzisa kuti zvipo nezvose zviri muchechi, huchenjeri, ngationei, chimwe chezvipo? Zvinoka, ungataura sei kuti hakuna kutaura nendimi zvino? Unotaura sei kuti hakuna kududzirwa kwendimi? Ungataura sei kuti, hakuna kupodza kwaMwari? Nokuti mutumbi mumwe chete...Kana ndiri mutumbi, ndine ruoko kurutivi *urwu*, neruoko kune rutivi *urwu*, netsoka *apo*, ungareva sei kuti ruoko, kwete tsoka? Hamuna here kunzwa zvakataurwa naPauro?

252 Zvino tarisai, ari kutaura mumazuva ekupedzisira, zvakananga kuMutumbi, akati, “Hezvino kune uyo ane huchenjeri.” Oo, ndinozvifarira izvi. Oo, ini zvangu! Hezvino zvichakuvhundutsai. Teerera kune izvi. Zvakanaka. “Heino pfunga ine huchenjeri.” Kana zvipo zveMweya Mutsvene izvozvo zvisina kuuya kuzera rose, sei akataura izvi zviri zvezuva ekupedzisira zvino? Kana kusingazova nezvipo muchechi, mumazuva ekupedzisira, sei akanangisa izvi kumazuva ekupedzisira zvino? “Hezvino kune uyo ane huchenjeri.”

... *Misoro 7 ndiwo makomo 7, anogarwa nomukadzi.*

253 Zvikomo zvingani? Maguta mangani pasi rose, tingadaro, ane chechi inogara pazvikomo 7? Rimwe chete bedzi. Ndekupi ikoko? Guta reVatican muRome. Ndizvo here? [Ungano inoti,

“Ameni.”—Mupepeti] Bhaibheri rakataura kuti chipfeve ichi chakashata chakaita kuti pasi rose riite hupombwe, uye chikabereka boka revanasikana vaduku kuzodzidzisa pamusoro pechinhu chimwe chetecho chachakaita; vakanga vasina kushata sacho, asi vaiva mhombwe. Yakavadzidzisa zvimwe chetezvo. Akati, “Mavambo azvo achava mudzimai,” kana chechi, “igere pamusoro pezvukomo 7,” muRome. Ndakatarisa pasi rose; ndiudzei kuti iripi, “chechi igere pazvukomo 7.” Zvino ndiri kuverenga izvi kubva muBhaibheri.

Zvino kune *madzimambo 7: 5* vakawa, . . .

²⁵⁴ Dai taitora nhorondo, todzokera kumashure chaiko tonoiratidza, uko madzimambo akawa, muRome, kubvira pahumambo hweBhabhironi.

. . . *mumwe aripo* (Nero), *mumwe achigere kusvika;*
uye . . . anofanira kugara chinguva chiduku (inenge
 mwedzi 6) paanouya.

²⁵⁵ “Zvino chikara . . .” Ooo! Tarisai izvi. Zvino simba riri kuzotora nzvimbo yechihedheni.

Zvino chikara chaivapo, uye chisisipo, kunyangwe . . .
ndiye wechi 8, (zvino tarisai) uye ari wechi 7, . . .

²⁵⁶ Mose munoziva kuti aiva mambo aityisa zvakadii. Iye ha- . . . Akasungirira amai vake pachidanda chinodhonzwa nebhiza ndokuvavuzvurudza nemumigwagwa, uye akapisa guta nemoto, ndokuridza rudimbwa zvake pamusoro pechikomo. Ndiyo mhando yemweya mumwe chetewo uri kutonga kereke inogara panzvimbo yechihedheni. “Wechi 8, anova wevari 7. Uyezve aripo, uye haasisipo; uye aripo, uye haasisipo; uye aripo, uye haasisipo,” zvichienda zvichidzika.

. . . uye anoenda mukuparadzwa.

²⁵⁷ Kusvikira chaiko kunguva yeKuuya kwaShe, zvino achakandirwa mugehena.

Zvino nyanga 10 dzawaona ndiwo madzimambo
10, achigere kupiwa ushe; asi vachapiwa simba
samadzimambo pamwe chete nechikara nguva imwe.

²⁵⁸ Oo, dai tikango . . . “Havasati vagamuchira simba nazvino.” Havasi madzimambo. Vakanga vasina . . . Havagoni. Nyanga dzakanga dzisina korona. “Vakagamuchira simba semadzimambo.” Chii ichocho? Vadzvanyiriri; kwete madzimambo akapfekedzwa korona. Vadzvanyiriri! Oo, ini zvangu!

²⁵⁹ Zvino, oo, pandinoverenga izvi, dzimwe nguva moyo wangu unokwakuka nemufaro, zvakanaka, pandinofunga nezvekuti tiri kurarama muno muzuva rekupedzisira.

Zvino nyanga 10 dzawaona ndiwo madzimambo
10, achigere kupiwa ushe; asi vachapiwa simba
samadzimambo pamwe chete nechikara nguva imwe.

*Ava vane ndangariro imwe, uye vachapa chikara
simba ravo noushe hwavo.*

*Ava vacharwa neGwayana, uye Gwayana
richavakunda: . . .*

260 Heyo Hondo yeAmagedhoni youya; vagadzirira Mireniyamu.

*. . . nokuti iro ndiIshe washe, naMambo wamambo: . . .
(musavhundutswa henyu) . . . naivo vanaro vanodanwa,
kuti vakasanangurwa, . . .*

261 Kwete iwe; Rakazviita. Iwe une Mweya Mutsvene, ufanira kudandizira kukunda. Mwari vakakusarudza nyika isati yavambwa. Kana usingakwanise kuona Chiedza cheVhangeri, imhaka yekuti iwe—iwe unongova bofu.

. . . vakasanangurwa, vakatendeka.

*Zvino akati kwandiri, Mvura dzawaona, dzinogarwa
nemhombwe, ndivo vanhu, . . . ruzhinji, namarudzi,
nendimi.*

262 Nemamwe mashoko, mudzimai yu agere pano, chechi iyi, ichapa dzidziso yayo kuvanhu vose, ruzhinji, nendimi. Hoyoka uyo. Aiva nehutongi pamusoro pavo. Akagara pamusoro pavo, simba richivatonga. Agere pamusoro pezvikomo 7, akapfeka zvitsvuku, akashongedzwa zvakapfumisisa panyika. Hoyoka uyo.

Nyanga 10 dzawaona pane chikara, ndivo vacha . . .

263 Tarisai zvino, wave kupinda mumasimba ecommunism.

*. . . ndivo vachavenga mhombwe, uye vachaiparadza
nokuitorera nguo, vachadya nyama yayo, nokuipisa
nomoto.*

*Nokuti Mwari akaisa mumwoyo yavo kuti vazadzise
kuda kwake, nekubvumirana, uye vape ushe hwavo
kuchikara, kusvikira mashoko aMwari . . . azadziswa.*

264 Hareruya! “Matenga nenyika zvichapfuura, asi Shoko raMwari harizombopfuuri.” Tarirai!

. . . mukadzi wawaona . . .

*. . . mukadzi wawaona ndiro guta guru riya, rinobata
ushe hwamadzimambo enyika.*

265 Ndiratidzei guta rimwe chete munyika rinotonga pamusoro pemadzimambo enyika, kubva nekupi zvako kwaunoda, kunze kwehutungamiri hwechiKatorike muRome, rigere pazvikomo 7. Hapana kana guta rimwe, uye harina kumbovapo, uye harisi kuzombovapo; kunze kweGuta Idzva rinobva Kudenga. Ndizvozvo.

266 Zvino, chimbomirai zvisoma. Ndinoda kukuratidzai izvi zvakare, kuti Ishe varangarire uye vatiropafadze pamwe chete

patinoverenga izvi. Zvakanaka. Tarisai pano zvino, ndiri kuverenga chitsauko 13. Ndiri kutangira pandima 15.

Zvino chaive nesimba rokupa hupenyu
kumufananidzo...

²⁶⁷ Umu muUnited States, mataona muchisimuka, munoona, mufananidzo.

...*kuti mufananidzo wechikara utaure, uye woita kuti vose vasinganamati mufananidzo wechikara vauraiwe.* (Ndiko kuramwa.)

Zvino akakonzera vose, vaduku navakuru, vapfumi navarombo, varanda nevakasununguka, *kuti vapiwe chiratidzo muruoko rwavo rworudyi, kana paforomani yavo*...-musoro.

Uye *kuti munhu arege kuvapo anogona kutenga kana kutengesha, asi iye ane chiratidzo, kana zita rechikara, kana nhamba yezita racho.*

²⁶⁸ Zvino tarisai, zvino, zvakanaka zvino, zvakanyatsonaka chaizvo, tisati tavhara. Ndimba 18. Teererai.

Heuno huchenjeri.

²⁶⁹ Munoona Mweya Mutsvene uchidaidzazve kuvatendi muzuva rekupedzisira? Boka diki riya ipapo, uchitaura, uchidanira kuboka duku muzuva rino, “Hezvinoi kune uyo ane huchenjeri mukereke. Ngaanzwisise izvi.”

...Uyo anonzwisisa *ngaaverenge* nhamba dzechikara: *nokuti inhamba dzemunhu*, (kwete nyika) *munhu*; uye nhamba yake i 666.

²⁷⁰ Uye kumusoro chaiko kweGuta reVatican... Usandiudza zvino; ndine *Chokwadi CheKutenda Kwedu*, uye nezvese, munoona. Kumusoro kweGuta reVatican, uye papa akamira se “mumiriri weMwanakomana waMwari.” Ndine shamwari dzechiKatorike dzakagara ipo pano, dzaive maKatorike, dzigere pano uye dzinoziva kuti ichokwadi. Vanhu vangu, zvichida, vakanditangira, vaiva maKatorike, zvakare. Maona?

²⁷¹ Vaiti Mutsvene Patrick muKatorike, uye haana kumbobvira akava muKatorike. Vakati Joan wekwaArc aive musande; uye vaprisita vakamupisa semuroyi. Ndosaka Jesu akati, “Munopenda makuva evaporofita kuaita machena, uye muri imi makavaisa imomo, imi vanyengeri.” Ndizvozvo.

²⁷² Tarisai, inhamba yemunhu. Uye pamusoro papapa weRome, pakanyorwa kunzi, “VICARIVS FILII DEI.” Yakanyorwa mumavara echiRoma. Ingozvinyora iwe pachako, mangwana. V, I, C, I, R, oo, ingozviisa zviri, mumavara echiRoma, wodhirowa mutsara wako woasanganisa, wona zvaunazvo: 666. Agere papi? “Pazvikomo 7.”

Zvino zvaAkavaitira zuva riya
 Achakuitira zvimwe chetezvo,
 Ndinofara kwazvo nekuti ndinogona kuti ndiri
 mumwe wavo. (Haudaro here?)

Huya, hama yangu, utsvage ropafadzo iri
 Rinochenesa moyo wako kubva pachivi,
 Richatanga kuridza mabhero emufaro
 Uye richachengeta mweya wako uchipfuta;
 Oo, uri kubvira zvino mukati memoyo wangu,
 Oo, mbiri kuZita raKe,
 Ndinofara kwazvo nekuti ndinogona kuti ndiri
 mumwe wavo.

275 Oo, nokuda kweEvhangeri ino inobwinya!

Iri kujuja ropa, hongu, iri kujuja ropa,

276 Paongororei ipapo! “Kana akaNditevera, ngaazvirambe
 pachake, atakure muchinjikwa wake,” rufu, “uye Anditevere.”

Iyi Evhangeri yeMweya Mutsvene iri kujuja
 ropa,
 Ropa revadzidzi vakafira Chokwadi,
 Iyi Evhangeri yeMweya Mutsvene iri kujuja
 ropa.

Wekutanga kufira chirongwa ichi cheMweya
 Mutsvene,
 Aiva Johane Mubhabhatidzi, asi akafa
 semurume;
 Zvino ndokuzouya Ishe Jesu, vakaMuroverera,
 Akaparidza kuti Mweya uchazoponesa vanhu
 kubva muchivi.

Paiva naPetro naPauro, naJohane mutsvene,
 Vakapira hupenyu hwavo kuitira kuti
 Evhangeri iyi igopenya;
 Vakavhanganisa ropa ravo, nevaporofita
 vekare,
 Kuitira kuti Shoko raMwari rechokwadi
 rigone kutaurwa nokutendeseka.

Zvino vakataka Stefano nematombo,
 akaparidza achipesana nechivi,
 Akavashatirisa zvikuru, vakapwanyira huropi
 hwake mukati;
 Asi iye akafa ari muMweya, ndokuburitsa
 mweya,
 Ndokuenda kundobatana nevamwe, mupi uya
 wehupenyu.

Riri kujuja ropa, hongu, riri kujuja ropa,
 Iyi Evhangeri yeMweya Mutsvene yakaramba
 ichijuja ropa,

Ropa revadzidzi vakafira Chokwadi,
Iyi Evhangeri yeMweya Mutsvene yakaramba
ichijuja ropa,

Mweya iri pasi peartari, iri kuchema, “Kusvika
rinhi?”

Kuti Ishe varange avo vakaita zvakaipa;
(Vachiseka, munoono. Oo, ini zvangu!)

Asi pachave nevamwe vakawanda vachapa
ropa rehupenyu wavo

Nokuda kweEvhangeri iyi yeMweya Mutsvene
nemafashama aYo matsvuku.

Iri kujuja ropa, hongu, iri kujuja ropa,

Iyi Evhangeri yeMweya Mutsvene inoramba
ichijuja ropa,

Ropa revadzidzi vakafira Chokwadi,

Iyi Evhangeri yeMweya Mutsvene iri kujuja
ropa.

277 Ngatitendeukei, tokwazisana maoko zvino.

Iri kujuja ropa, hongu, iri kujuja ropa,


Iyi Evhangeri yeMweya Mutsvene iri kujuja
ropa

Ropa revadzidzi vakafira Chokwadi,

Iyi Evhangeri yeMweya Mutsvene iri kujuja
ropa.

278 Munoda Ishe here? Ishe vakuropafadzei.

279 Baba, tinonamata kuti Mugaropafadza ungoro, uye dai vakaenda kumba vachifara. Dai vakauya kuTsime rizere neRopa, rakatorwa kubva mutsinga dzaEmanuere. Dai vakasiya dzidziso dzose dzekare dzezvemachechi, uye vauye vazogamuchira Mweya Mutsvene. Tinonamata muZita raJesu. Ameni.

Mwari vakuropafadzei. Muve nehusiku hwakanaka. Mwari vave nemi. 

54-0513 Munembo WeChikara
Branham Tabhenakeri
Jeffersonville, Indiana U.S.A.

SHONA

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org